

dicutat ti: www.sundamidang.com

novelet Sunda

NGAWAYANG TEU DIREBABAN

Ensa Wiarna

Bagian Kahiji

Kulit aing pait, tulang kula pahang, sabab kula turunan Raksabuana." Atim ngagerendeng, mencrong monyét nu nyangéréng. Bari nyarita kitu, manéhna ngebut-ngebut iketna kawas nu ngebutan rametuk.

Galih jeung Yuda mésem, neuteup Atim nu leumpangna nyereg, ka gigir. Nu diteuteup, mencrong monyét nu runyah-renyoh. Ceuk Yuda jeung Galih mah naon pikasieuneunana, ukur monyét.



Monyét ngagalacang, ngajauhan. Luncat kana dahā jajaway nu leuwih luhur. "Duh, ampir-ampiran," pokna.

Geus rada anggang ti éta tempat, Atim ngarandeg. Menerkeun iketna.

"Nyarita naon tadi téh, Tim?" ceuk Galih ka Atim.

Nu ditanya teu némbalan. Lain teu kadéngéeun, da tarik nanyana gé. Tong boro ku Atim, dalah ku Yuda gé, nu mandeurikeun manéh, jéntré naker.

"Ngomong naon Atim téh?"

Nu ditanya anger ngabugeug. Manéhna noyod ka lebak. Yuda jeung Galih nuturkeun. Sanggeus rada jauh ti tempat monyét téa, Atim ngendoran leumpangna. Tapi, bangun nu teu jongjon. Lieuk deui, lieuk deui ka tukang, bangun hariwang.

"Uuh, untung wé kaburu inget kana papatah aki," ceuk Atim.

Tah, pangalaman saperti kitu sawatara taun ka tukang nu ngalantarankeun Galih jeung Yuda daratang deui ka lembur Atim.

Baréto mah, waktu Atim mapatkeun parancah, ukur ngageuhgeuykeun. Ari ayeuna, teu kitu. Kapercayaan masarakat kana dongéng karuhunna boga harti mandiri nu tumali jeung kahirupan masarakat éta lembur. Kitu ceuk pikir Galih. Ku lantaran kitu, basa geus waktuna nyieun skripsi, pangalaman jeung Atim jadi inspirasi keur bahan skripsi.

Kajadian saperti kitu, kaalaman deui. Ngan, kawasna monyét nu ayeuna mah lain monyét nu ti heula. Béda buluna, nu ti heula mah, aya bodasan dina tonggongna.

"Duh, untung wé teu ngarontok," ceuk Atim bari meubeutkeun manéh kana bangku di warung bajigur. Yuda jeung Galih ukur silirérét. Nyéh seuri.

Éta warung, tungtung lembur méméh jalan nyorang leuweung nu cikénéh kaliwatan. Raména warung ari poé-poé peré, lantaran béh ditueun gunung Aseupan aya cai panas nu ngalir ka susukan. Éta tempat can karopéa ku Dinas Pariwisata. Jalanna can kaurus, kakara jalan satapak nu dibabatu.

"Ti marana kulan?" ceuk Mang Unab, tukang bajigur.

"Ti ditu ti Kawung Nunggal,"

"Uluh tebih geuning."

"Muhun, mung da jalanna motong kana jalan satapak."

"Geuning wantunan?" pokna semu héran.

"Ah, bubuhan wé aya réncang, Mang. Upami nyalira mah kajeun nguriling," ceuk Atim.

Ti Warung bajigur ka lembur Peuntas moal kurang ti tujuh kilo. Mun motong mah ukur kira-kira satengahna. Ngan, nya kitu, kudu nyorang jalan satapak bari nanjak mudun mah, arang nu wani. Katurug-turug deuih, masih kénéh loba sato galak. Kitu, ceuk béja nu sumebar ka balaréa!

"Teu pependakan di jalanna?" Ceuk tukang bajigur.

"Pependakan naon, Mang?"

"Teu dipegat monyét?" Ceuk nu nanya.

"Puguh kitu pisan Mang!"

"Untung atuh teu direwég," pokna.

Tukang bajigur cacarita, bulan kamari aya nu diudag monyét. Najan, teu parna, ukur dikorowot pundukna, tapi ahirna mah gering parna, nepi ka hanteuna. Kitu ceuk béja nu sumebar di masarakat sabudeureun éta tempat.

Jalan norobos, ukur disorang ti beurang wungkul, kitu gé kakapeungan. Waranieun sotéh upama loba batur, da mun sorangan mah jarang nu ludeung. Kungsi, cenah, aya urang Walanda nu ngahaja nyoba-nyoba jalan ka dinya. Tapi, ari geus nepi ka tungtung lembur bru labuh kapiuhan. Atuh, béja sangetna leuweung beuki nerekab.

Sapok-pokeun Galih nanyakeun kekecapan Atim waktu papanggih jeung monyét téa. Ngan, teu laju lantaran Mang Unab, tukang bajigur nyampeurkeun.

"Badé bajigurna?"

"Muhun," ceuk Yuda.

"Tiluanana bajigur?"

"Abdi mah bandrék wé," ceuk Atim.

Atim, Yuda jeung Galih mondok sapeuting di lembur Kawung Nunggal. Inditna mah kamari kana sado. Nguriling. Balikna, Galih maksa Atim jalan norobos. Panasaran, hayang ngalaman deui nu kungsi kaalaman sawatara taun ka tukang téa. Diajak sobatna kitu, Atim teu bisa majar kumaha. Najan, bangun sungkan teu burung nurut.

"Seueur nu kawénéhan. Matak, arang pisan nu wantun ngalangkung ka lebah dinya mah," ceuk tatangga Haji Hudori, Galih jeung Yuda tas ti masjid Isa kamari.

Ku sabab panasaran, najan Atim mugen gé Galih jeung Yuda maksa hayang jalan ka lebah dinya. Ukar hayang ngabuktikeun béja. Ulah ukur ngadéngé tina dongéng wungkul. Yuda jeng Galih teu pati percayaeun kana carita-carita ahéng ti urang lembur, kaasup dongéng Atim, Mang Unab, jeung tatangga Haji Hudori. Komo deui Yuda mah, teu percayana gé teu percaya pisan. Kitu téh, kapangaruhan ku uwana, Wa Sukma. Ngan, najan teu percaya gé butuh kacida, keur bahan tulisan muateun dina majalah mah.

"Ulah kapangaruhan ku nu teu pararuguh, da can aya nu kabéjakeun tinggal sapotong dihakan jurig," kitu ceuk Wa Sukma.

Papatah uwana kitu, keur Yuda mah nambahana kaludeung. Omongan nu siga nyingsieunan, atawa sabangsa pamula-pamali, lain kudu diturut sacréwéléna, tapi kudu disurahan ditumalikeun jeung kapentingan séjén. Tah, ku sabab kitu, waktu sobatna boga karep nyieun skripsi ngeunaan folklore, bahanna téh ngumpulkeun ti lembur Atim jeung lembur-lembur séjénna, da di dinya mah loba kénéh dongéng-dongéng ahéng.

Can lila, Yuda lalajo wayang di lembur Atim, di Kalapa Dua. Harita Atim cacastra, di dinya mah, teu meunang ngalalakonkeun "Karna Tandingan," lantaran sok loba nu garelut.

Omongan Atim kitu, keur Galih mah, jadi bahan keur skripsi deui baé. Sual riributan para-pamuda dina tatabeuhan mah ilahar. Ukur parebut ngajogédan biduan dangdut gé bisa paraséa. Ngan, tangtu wé pamanggih Galih kitu téh, teu ditepikeun ka Atim mah.

Waktu papanggihana didongéngkeun ka Yuda, sobatna, nu jadi wartawan majalah mingguan, ki sobat bangun ngahatéan. "Enya, geus wé urang ulin deui ka lembur Atim," kitu ceuk Yuda saminggu saacanna nepungan sobatna urang Kalapa Dua.

"Tos lami icalan bajigur?"

"Kantenan wé."

Mang Unab nyaritakeun pangalamanana jadi tukang bajigur. Cenah, ku sabab turunan, neruskeun tapak lacak akina. Sanggeus akina tilar dunya, dagang bajigurna diteruskeun ku bapana, Mang Ahya. Ngan, bapana mah eureun sawatara waktu ka tukang. "Lirén saatosna pependakan," pokna.

"Pependakan naon Mang?"

"Kapungkur waktos nongton wayang."

"Bajigurna, Jang?" Ceuk nu anyar datang.

Mang Unab ngaléos ka jero. Muka tutup kurumbung. Cur-cur nyicikeun bajigur dua siuk. Song dibikeun ka nu mesen.

Najan panasaran, Yuda jeung Galih teu terus nanyakeun lalakon bapana Mang Unab. Padahal, dongéng kitu gé keur Galih mah butuh, keur nambah-nambah bahan skripsi téa.

"Dipi Encép ti saha ti Kawung Nunggal téh?"

"Ti wargi?"

"Saha?"

" Pa Hudori."

"Euh, Pa Hudori."

"Kenal kitu Emang?"

"Kantenan wé. Ari di kampung sapertos di dieu mah karenal ka urang kampung sanés ogé. Komo deui da Pa Hudori mah kalebet inohong masarakat. Kantos janten tua kampung atanapi kokolot lembur."

"Wargi kitu ka anjeunna téh?"

"Sanés, mung aya kaperyogian wé," ceuk Galih.

"Euh..." Tukang bajigur mésem. Deukeut-deukeut kana seuri.

Keur Galih jeung Yuda mah teu ngarti kana pasemon tukang bajigur kitu téh. Siga surti, tapi teu betus.

Basa tukang bajigur ngaléos ka tukang, Galih nanya ka Atim. Nu ditanya mah teu héraneun teu sing waktu tukang bajigur mésem téh.

"Saha kitu Pa Hudori téh?"

"Enya tokoh masarakat."

"Lian ti kitu?"

"Purah ngubaran jeung pananyaan."

"Dukun?"

"Lain, tapi disebutna téh paranormal, ceuk urang kota mah."

"Euh, paingan. Urang ka ditu gé disangkana mah rék tatanya meureun."

"Enya. Teu salah. Urang gé rék tatanya atawa nanyakeun. Malah kétang urang mah rék tatanya atawa tunya-tanya." Yuda mairan.

Yuda jeung Galih mémang rék nananyakeun, tapi lain rék tatanya. Rék néangan informasi ngeunaan carita-carita sabudeureun urang lembur. Ku lantaran kitu, keur saheulaanan rék ménta béja ti Pa Hudori nu ogé bhibit buitna ti Pasir I bun.

Yuda jeung Galih boga objék nu sarua kalayan tujuan anu béda. Yuda mah keur bahan tuliseun dina majalah mingguanana.

Daratang ka lembur Atim, ka Kalapa Dua, nu katilu kalina. Nu mimiti mah, dua bulan ka tukang, ukur sakeudeung, moal leuwih ti sajam. Ukur nepungan Atim wungkul kawawuhanana basa keur masantréen kilat di Mama Ajengan Ahmad. Nu kadua, minggu tukang, mondok di Atim sapeuting. Angkanan mah rék saminggu, ngarah teu bulak-balik. Mun ngumpulkeun data saminggu, moal burung cukup. Kadar éta, cenah, aya kakurangan, ka hareup bakal dilengkepan deui.

Nganjang ka Pa Hudori, tumali jeung kapereluanana, hayang meunang keterangan, sual lembur Babakan Pasir Caringin, nu cenah padumukna kapaksa parindah lantaran carem diduruk gorombolan DI / TII baheula. Ari Pa Hudori, méméh kajadian téh pindah ka Kawung Nunggal lantaran meunangkeun urang dinya. Sepuhna Pa Hudori kaasup nu jadi korban.

Yuda butuheun keur muateun dina majalahna. Manéhna, keur ngumpulkeun bahan sual korban-korban DI / TII. Muateun nyambung dina bulan Agustus.

Pa Hudori kungsi jadi tua kampung, ngabawah sababaraha wewengkon, kaasup nu pangkidulna Pasir I bun téa. Tah, ku Yuda jeung Galih mah dianggap loba kanyaho, Pa Hudori téh, kaasup apal kana adat istiadat urang lembur, nya tangtu deuih apal kana folklore-na.

Basa ka lembur Atim sawatara taun ka tukang, Yuda jeung Galih teu bisa bébas ulin. Harita mah, asa disingsieunan. Cenah, di éta lembur mah sanget kénéh. Loba kajadian ahéng. Malah, Atim gé ngadongéngkeun gorombolan. Tangtu wé, dongéng ti kolotna, da manéhna mah teu ngalaman. Urang Kalapa Dua mah loba nu percaya, monyét-monyét galak nu matuhna di leuweung deukeut Kawung Nunggal téh monyét kajajadén, urut anggota DT / TII nu kabur ka leuweung sabada diobrot ku tentara. Sawaréh anggota DI / TII téh baralik deui ka lembur séwang-séwangan, sawaréh deui terus kakaburan lantaran kungsi ngalakukeun kasalahan gedé, saperti kungsi maéhan urang lembur nu dijorag. Kitu ceuk dongéng Atim mah. Tangtu wé, keur Yuda mah ukur seuri, da teu percaya, ari jelema jadi monyét mah. Mun ditulis gé, ukur minangka ‘bungbuna’. Ari keur Galih, dongéng kitu téh angger penting.

"Ngan, da aya palakiahna," ceuk Atim.

"Kumaha Tim?"

"Kudu nyebutkeun urang téh turunan Raksabuana."

"Saha ari Raksabuana téh?"

"Dalem nu jaman baheula nu kacida dipihormatna ku masarakat," ceuk Atim.

Yuda jeung Galih ukur mésem!

Lian ti keur bahan tuliseun dina koranna, Yuda ogé boga kapanasaran séjén. Hayang, nyegerkeun deui ingetanana ka nu kaalaman jeung uwana téa, deuih.

Loba nu geus poho. Ngan, nu écés kénéh dina ingetan Yuda téh, milu ka uwana peuting-peuting.

Baréto, keur budak, Yuda kacida reueusna ku uwana téh. Remen milu mun uwana keur indit-inditan nyalsé. Tapi, kareueus kitu téh ayeuna mah luntur sanggeus nyaho, uwana dikaluarkeun ti koranna. Yuda apal, nu dikaluarkeun teu pupuguh, tangtu ngalanggar aturan atawa nyieun kasalahan nu teu perelu dihampura deui!

Bagian Kadua

Yuda hayang nyusud cukang lantaran uwana dikaluarkeun. Ngan, asa teu kaotakan ku sorangan mah. Ku kituna, kahayangna kitu téh, dibéjakeun ka emangna ti indung, Yaomil Anwar, dosén ngora nu ngajarkeun kriminologi.

“Ceuk émutan, Uwa Sukma téh kantos milampah kalepatan ageung ka koranna,” ceuk Yuda ka Yaomil.

“Nya tanyakeun wé atuh langsung ka uwa!”

“Teu wantun. Bilih nyigeung manahna.”

“Naha atuh maké jeung rék ngutak-ngatik kasalahanan nu geus lawas?”



“Panasaran wé, Kang. Sareng, asa teu percanten upami uwa milampah kasalahan ageung dina profésina.”

“Har, naha kumaha kitu?”

“Upami ngabandungan papatahna, uwa téh idéalis, sareng kacida ngajagana kana kahormatan profési,” pokna.

Nu salilana jadi catetan Yuda dina ngalaksanakeun pancénna, Wa Sukma kungsi nyarita. “Mun rék jadi wartawan, Yuda teu meunang narima ‘amplop’ ti sumber berita,” pokna tandes.

Uwa percaya, pérs téh The Forth Estate, atawa lembaga ka opat. Mun dina kanagaraan aya législatif, eksécutif, jeung yudikatif, pérs mah nempatan lembaga kaopat. “Kalungguhanana penting, teu leuwih handap ajénnna batan lembaga-lembaga nu tilu tadi. Ngan, tangtu wé, hayang jadi insan pérs nu kawas kitu mah kudu nyumponan sarat,” pokna.

Saterusna, uwa cacarita. Mun Alva Édison nyarita, tulisananisa bisa nyaangan peuting nu poék mongkléng, tangtu lain hartina tina tulisan ka luar cahaya. Bisa sotéh

nyaangan, upama élmu Alva Édison dina sual listrik, dirojong ku pakakas nu cukup kalayaan dijieun ku ahlina. "Sual The Forth Estate gé kitu," pokna.

"Ari ayeuna rék kumaha?" Ceuk Yaomil.

"Muhun bantosan mangmikirankeun. Ngaanalisa, lah!"

"Ah, teu bisa atuh ari ukur dikira-kira mah."

"Muhun abdi badé ngempelkeun informasina. Saterasna dika-akangkeun."

"Nya teu nanaon ari ukur kitu mah."

Yuda ngahuleng. Ras inget basa rék lalajo wayang jeung uwana téa. Indit ti imah téh tas solat Magrib. Motor Honda békébék beureum nyemprung ka pagunungan. Ti lembur Atim téh terus ka kidul, méngkol ka kulon, terus ka kidul deui. Uwana téh ngajakan Yuda, batur ngomong, cehah. Ari Yuda diajak kitu téh atoh wé nu aya, da kabeneran isukna poé peré, najan lain Minggu, tapi Saptu.

Yuda nangkél dina tonggong uwana. Hawa tiis nyocoan kulitna, najan maké jékét. Sajajalan tiisieun, ukur aya hiji dua kandaraan nu papaliwat. Ngan, sanggeus méngkol ka kénca, ka jalan leutik mah, teu papanggih jeung kandaraan séjén. Jalan éta mah lain jalan raya, ukur jalan nu biasa dililiwatan ku kandaraan nu rék ka perkebunan entéh. Sapaparat jalan poék, kénca katuhueunana rajeg tatangkalan. Motor gé teu bisa gancang, paur ngagaléong ka jungkrang. Mun ti beurang, lewang naker, lantaran di sawatara tempat lungkawing naker. Aya jungkrang nu jerona leuwih ti limaratus méter tina beungeut jalan. Mangka dasarna mah walungan nu mun keur saat batuna taréngtong.

Sanggeus ngaléok ka katuhu ti jalan gedé, kira-kira sapuluh menit, mimiti manggihan urang lembur nu leumpang sabubuhan-sabubuhan. Ngan anéhna, ka manéhna téh bangun haré-haré. Najan pasarandog, saurang gé taya nu nanya. Kitu téh, béda jeung kabiasaan urang lembur, nu umumna galéhgéh, najan ka nu anyar pinangih.

Teu kungsi lila, anjog ka tungtung lembur. Témbong imah-imah parentul di lebak. Bréh wéh aya palataran nu ngebrak. Patromak ngempray, nyaangan panggung. Hawar-hawar sora sindén ngahaleuangkeun lagu Kembang Gadung.

"Saha dalangna, Kang?" Uwa nanyakeun. Lain teu apal, tapi ukur hayang ngayakinkeun, da tong boro Uwa, Yuda gé apal kana sora dalang mah, moal salah deui Adang Sutarya.

Nu ditanya teu némbalan. Malah, teu ngarérét-rérét acan.

Motor disarandékeun deukeut tukang bajigur. Dikonci stang. Yuda jeung Uwana turun sababara méter ka lebak ngadeukeutan panggung. Tapi, teu bisa deukeut pisan. Lian ti hariwang ku motor, ogé hésé jalanna rék ka panggung mah.

“Bismillah ngawitan manggung....” lagu Kembang Gadung dihaleuangkeun ku juru sindén.

Yuda biasa lalajo wayang. Mun di nu deukeut mah sok nepi ka isuk-isuk. Ku kolotna gé sok dilandi si gungclo, da lalajona téh sok ti saméméh der.

“Ih, naha teu kadéngé rebabna,” ceuk Uwa. Enya, najan sindén bekén, ari teu direbaban mah angger wé rada ‘ngagaléong’, teu pati pas, lantaran taya nu nuyun.

Uwa muka notes, kutrat-kotrét. Ukur sababara kalimah, sup wéh notes téh diasupkeun kana saku jékétna.

Uwa teu tulus wawancara jeung dalang. Hésé ka panggung atuda. Kira-kira tabuh dua Uwa ngajak balik. Najan resep kénéh Yuda kapaksa nuturkeun.

Tukang bajigur, deukeut panundaan motor geus teu ngaladangan, geus bék, laris.

“Manawi emang mah tebih, matak seunggah ngawitanana mah. Ari pék téh, teu tebih teuing,” ceuk Mang Ahya, tukang bajigur nu biasa mangkal di péngkolan di parapatan jalan.

Nyahona rék aya wayang geus heubeul naker, aya kana sabulanna. Malum dalang sohor nyeureuhanana gé teu bisa didadak. Mang Ahya mah biasa, di mana waé dalang Adang Sutarya manggung, ngadon dagang, ari bisa kénéh disorang ku leumpang mah!

Balik teu kana jalan urut. Malibir ka jalan séjén gigireun pasir. Sajajalan tiiseun naker. Sanggeus ka jalan gedé, ogé teu kungsi manggih atawa papaliwat jeung kandaran séjén. Dur Subuh geus nepi ka lembur sisi kota, di dinya reureuh heula, solat Subuh. Geus kitu mah neruskeun deui lalampahan.

Bari nundutan, Yuda mah nga-gerenyem ngadaharan suuk nu dibeuli ti Mang Ahya. Duaan téh ukur jajan opat ratus salapan puluh péraseun, bajigur jeung bandrék dua gelas, suuk sabungkus, jeung ciu dua siki. Duit lima ratus téh teu dipulangan, da pamulanganana teu ditarima ku uwa.

“Wios lah, angsulanana mah kanggo Emang,”

“Nuhun atuh Pa,” ceuk Mang Ahya ka uwa.

Saminggu ti harita, uwa ka luar digawéna. Ukur kitu kanyaho Yuda harita mah.

Keur leutik, Yuda hayang cara Uwana, hayang jadi wartawan. Kabeneran, waktu ngalamar ka majalah mingguan dua taun ka tukang katarima. Mimitina mah magang heula, saterusna dipercaya purah ngider ka daerah-daerah ka luar kota.

Sanggeus aya kana lima welas taunna ti saprak uwana dikaluuarkeun ti koranna, Yuda manggih béja nu matak ngajenghok. Yuda beuki panasaran. Naha Uwa nepi ka dikaluuarkeun ti kantorna? Naon kasalahanna? Beuki dieu beuki panasaran. Yuda ngarasa kuciwa, upama uwana nyata-nyata saperti nu ditudingkeun ku pihak séjén. Najan kajadianana geus welasan taun, tetep keur Yuda mah céda nu moal gampang dipupusna.

Dina pandangan Yuda, uwana téh, payus jadi conto. Ku batur salemburna gé teu weléh pada ngaharegaan. Uwa pada mikolot, malah geus tilu kali ganti kapangurusan RW, uwa kapeto jadi panaséhat.

Uwa, ceuk Yuda, landung kandungan laér aisan. Remen jadi panengah nu pacéngkadan. Malah, sakali mangsa mah, uwa kapapancénan ngakurkeun dua kelompok masarakat nu paraseá gara-gara tina maénbal. Masarakat lembur Babakan Hilir jeung Babakan Girang, nu ukur kahalangan ku walungan, silise-rang. Isukna uwa ngadatangan tokoh-tokoh masarakat éta lembur. Saterusna gempungan. Uwa nyaritakeun pentingna silurahmi jeung ngajaga duduluran. Di antarana, uwa gé nyaritakeun kaancuran téh bisa datang ku lantaran pacéngkadan. Saterusna, uwa nyontokeun baheula, umat Islam dina jaman Rosullulloh sareng jaman khalifah kacida kuatna. Tapi, saterusna mah héngkér, nepi ka waktu dijorag musuh dina munggaran Perang Salib nu mimiti lumangsung ahir abad kasawelas, umat Islam kungsi ka-déséh! Yuda gé apal, caritaan uwana téh, nyutat tina buku nu judulna Perang Salib, karya Carle Hillenbrand, Guru Besar Studi Islam jeung Basa Arab di University of Edinburgh.

Pa Yana mindeng muji uwa lantaran kawani jeung kajujuranana. Tapi, pangajén Yuda ka uwana, luntur lantaran céda dina mungkas lalakon jadi wartawan di Surya Medal.

Ka tukang-tukang, Yuda kacida reueusna ku uwana téh. Ceuk dirina mah kolot nu patut jadi conto. Uwa loba kanyahona, boh dina sual budaya, pulitik, ékonomi, jeung atikan. Ngobrolkeun naon waé nyambung. Malah, Yuda ngarasa meunang luang ti uwana, pangpangna dina élmu jurnalistik.

Uwa mémang kaseundeuhan. Galih gé mahasiswa Antropologi, resepeun ka Uwa mah, lantaran cenah, loba kanyahona. Galih jeung Yuda téh sa-SMA. Ngan, sanggeus ka luar sakola nyorang jalan atikan nu béda. Yuda milih kuliah di Fakultas Pendidikan, nyokot program Diploma Dua (D-2), najan ahirna mah jadi

wartawan. Yuda, seméster salapan, kuduna mah geus bérés, tapi masih kénéh mandeg dina skripsi, sababaraha kali ganti judul. Nu pangahirna, panalungtikan ngeunaan mitos lembur ditumalikeun jeung kabiasaan urang lembur miara lingkungan, kaasup miara leuweung. Di antara nara sumberna Haji Hudori.

Pangna, panalungtikanana di Kawung Nunggal, Kalapa Dua, jeung Pasir Ibun, lian ti loba dongéng ahéng, ogé aya kawawuhanana, Atim nu kungsi babarengan masantrénn kilat di Ajengan Ahmad téa. Baréto, basa peré sakola SMA, Galih jeung Yuda ngahaja liburan di lembur Atim, urang Kalapa Dua. Atim masantrénn di ajengan Ahmad, nyantri kalong, teu matuh di kobong.

Loba piliheun keur objék skripsi téh, tapi ahirna Galih milih sababaraha lembur sabudeureun lembur Atim. Copelna, upama kapaksa kudu mondok gé moal susah, moal kudu ucul duit.

Dina nyusud lalakon Uwana, Yuda satékah polah ngumpulkeun rupa-rupa keterangan ti nu séjén, kaasup ngumpulkeun tulisan uwa nu ditulis dina Surya Medal. Tétéla, teu gampang néangan tulisan uwa nu geus sakitu lilana mah, sabab, najan di dokuméntasi redaksi éta koran gé teu kumplit.

Kadieunakeun Uwa téh padanganggap boga kamampuh husus. Kawas nu nyaho ka nu méméh kajadian. Kitu téh, pédaħ sababaraha kali ‘ramalanana’ meneran. Kétang, boa ukur digegedékeun ku nu séjén, da ka Yuda mah tara nyaritakeun nu ‘anéh-anéh’. Yuda mah apaleun, Uwana kacida muhitna kana cara mikir rasional, baréto mah.

“Wa Sukma mah, mémang sanés jalmi samanéa,” ceuk Mang Kana, panyawahna.

“Na kumaha kitu, Mang?”

“Kapungkur sababaraha sasih kapengker, emang ngadangu Pa Sukma sasauran, Pa Harto moal tutas dugi ka tamat lima taun. Buktos pan.”

“Ngahaja uwa sasauran kitu ka Emang?”

“Sanés ka Emang, tapi ka tamu, ka réréncanganana kapungkur, waktos emang nyuguhkeun cai ka tamu.”

“Sanés, kumaha kasét téh kéging?” Mang Kana nanyakeun kasét.

Mangkukna Yuda dipesenan néangan kasét lalakon Destarata Turun Tahta. Mang Kana kasengsrem ku éta lalakon, jeung panasaran deuih. Sawatara bulan ka tukang, kungsi ngabandungan éta lalakon tina radio uwa. Waktu mondok tilu peuting

di imah uwa téa, Mang Kana ungal peuting ngabandungan éta lalakon. “Mung duka da teu kantos tamat.”

Yuda mémang kungsi nanyakeun ka toko kasét Purnama Récord, nu ngahususkeun kana seni-seni Sunda. Tapi, lalakon kitu mah euweuh.

“Saatosna di bumi, méh saban wengi emang milarian siaran wayang, pangpangna mah nu nyaritakeun éta lalakon, tapi weléh teu aya. Panasaran, hoyong terang dugi ka tamatna,” pokna.

Heuleut sawatara waktu, Mang Kana ménta deui dipangnalangankeun kasét wayang. Lalakonna Arimbi Ngadeg Raja. Ditanya alesanana, deui-deui kawas jawaban ti heula. “Pédah wé panasaran. Tilu kali ngadangukeun lalakon wayang Arimbi Ngadeg Ratu, tapi teu kantos tamat,” pokna.

Yuda ngarasa éra saban dipéntaan nalangan kasét wayang téh. Diitung-itung, tilu kali Mang Kana ménta dipangmeulikeun kasét wayang. Nu pamungkas mah hayang Lalakon Dwarwati Diléléd Ombak. Alesanana, sarua cara ti heula-heula, péda kungsi ngabandungan éta lalakon, nitir tilu kali tina radio uwa.

“Terang abdi gé ari lalakon Dwarwati Diléléd Ombak mah,” ceuk Yuda.

“Kumaha runtulan caritana Dén?

Bagian Katilu

Yuda ngarasa éra saban dipéntaan nalangan kasét wayang téh. Duitung-itung, tilu kali Mang Kana ménta dipangmeulikeun kasét wayang. Nu pamungkas mah hayang Lalakon Dwarwati Dilélééd Ombak. Alesanana, sarua cara ti heula-heula, pédaah kungsi ngabandungan éta lalakon, nitir tilu kali tina radio uwa.

"Terang abdi gé ari lalakon Dwarwati Dilélééd Ombak mah," ceuk Yuda.

"Kumaha runtusan caritana Dén?"

Yuda apaleun. Satutas Perang Baratayuda, Kresna tatapa dina guha. Éta tempat, jadi cukang lantaran palastrana Raja Dwarwati. Lantaranana, suku Kresna kapanah ku paninggaran nu keur moro mencek.

"Tah saatosna Kresna palastra, Dwarwati carem dilélééd ombak," kitu ceuk Yuda nyutat tina buku Mahabarata karangan Viyasa.

"Tapi, emang mah hoyong kasétna," ceuk Mang Kana.

"Mangga upami aya mah," ceuk Yuda.

Ngan, nya kitu, najan ngaprak ka saban toko kasét, teu manggihan. Lalakon wayang golék nu kabandungan tina radio uwa, kawas nu teu dijual keur umum.

Satutas teu jadi wartawan, uwana bangun robah paripolah. Nu asalna, arang cacularita, kadieunakeun mah, sabalikna, resep ngawangkong. Naha kitu téh, ku lantaran loba luang, atawa teu boga kagiatan maneuh?

Yuda kungsi ngarasa hariwang ku Uwana téh. Paripolah jeung omonganana bangun nu teu jeung ijiran. Malah, sakapeung mah sok wanian teuing, pangpangna nu tumali jeung nu bakal karandapan. Paripolah kitu, mémang ka dieunakeun!

Geura wé, basa Pa Harto geus deukeut kana mungkas kakawasaanana, togmol nyebutkeun présidén bakal ngécagkeun jabatan di tengah jalan. Ceuk Uwa, dina mungkas jadi présidén Pa Harto moal nepi ka tamat lima taun. Tétéla bener! Saterusna, Uwa gé kawas nu geus apal, upama awal-ahir, Mégawati bakal jadi Présidén. Ramalan uwa séjenna, basa Acéh dilélééd ombak, uwa nyarita bakal aya caah badag nu tacan aya tandingna. Tapi, deui-deui pangaweruh uwana kitu, keur Yuda mah tetep teu bisa mupus cédana. Ku naon uwa bet dikaluarkeun ti

pagawéanana? Upama Yuda ngarasa tugenah ku kasalahan uwa, lain pé dah taya hampura. Ngan, ku sabab geus katalanjuran percaya ka uwana. Ceuk pikir Yuda, uwana teu merenah boga céda nu matak ngarugikeun dirina. Tapi, kabuktian, uwa téh jelema nu bisa salah.

Pamanggih uwa, kadang-kadang loba nu béda jeung pamanggih batur. Ceuk ramalan urang wétan, nagri urang téh bakal ‘nararatay’ dipingpin ku nu ngaran Notonongoro. Cenah, ‘no’ téh Sukarno, ‘to’ téh Suharto. Nu saterusna, bakal dipingpin deui ku nu ngaranna ‘no’ deui. Tapi, harita Uwa boga pamadegan séjén. Ramalan kitu téh, moal payu keur Nusantara. Upama ‘payu’ gé keur Jawa. Cenah, ramalan kapamingpinan keur karajaan ‘nagara’ di Jawa. "Upama keur gupernur Jawa Tengah, Jawa Timur, atawa Yogyakarta mah bisa jadi," pokna bari ngahahah.

Sual Uwa Sukma bisa ngaramal, diuar-uar ku Mang Kana panyawah nu sakalian sok babantu di uwa.

"Nya leres Dén?" Ceuk Mang Kana ka Yuda.

"Naon téa Mang?"

"Perkawis Pa Harto moal dugi ka tutas mancén tugas téa,"

"Har, naha kumaha, Mang?"

"Saur uwa, Pa Harto bakal geura-geura ngécagkeun kalungguhanana."

"Iraha sasauranana?"

"Kinten-kinten dua atanapi tilu sasih deui ka Pa Harto mundur."

"Duka ah," ceuk Yuda.

Upama uwa loba kanyaho mémang sadirieun Yuda mah teu anéh teu sing. Uwa téh wartawan, mindeng nulis rupa-rupa topik. Liputanana ogé lain wungkul nasional, tapi deuih internasional. Matak, teu anéh upama karir uwa di éta surat kabar gé terus nérékél. Tina koordinator reporter, bakal jadi wakil pimpinan redaksi. Tapi, lalakon uwa jadi kuli tinta di éta surat kabar henteu nepi ka jucungna.

Yuda nyaho lalakon uwana ti Pa Yana, nu saentragan asup ka éta surat kabar. Mimitina tina miluan kursus jurnalistik basa éta koran muka kursus. Uwa tanjrih nepi ka ahirna boga kasempetan magang. Ti dinya, ditawaran kontrak, uwa daék. Ngan, giliran rék diangkat, uwa teu lungsur-langsar. Uwa kaélékheun ku wartawan anyar, awéwé nu kabeneran saalmamater jeung wakil pingpinan redaksi di éta koran.

Basa Yuda papanggih jeung Pa Rustam, babaturan Uwana kénéh, kapanasaranana nambahan. "Uwa hidup mah jujur, tong boro barang pénta ka nara sumber, dibéré duit ku sumber berita gé tara daék," pokna. Tapi, ari ceuk béja séjén, uwa kungsi narima panyogok waktu ribut soal ténder jalan layang. Cenah, geus jadi rusiah umum, lélang ténder téh ukur kedok, da nu pimeunangeun mah geus jinek. Kana béja kitu, Yuda teu wanieun nanyakeun langsung ka uwana. Manéhna ukur nyidem catetan 'hideung' uwana dina tungtung haténa.

Keur Mang Kana, Uwa Sukma angger dianggap jalma nu 'lain samanéa' téa. Sanggeus meneran neguh nu bakal jadi présidén téh awéwé, uwa gé heuleut sawatara waktu ti harita nyaritakeun bakal aya caah rongkah. Téléléla, kajadian tsunami di Acéh.

Ka dieunakeun Mang Kana nyebutkeun kanyaho uwa téh tina carita wayang. Lain ukur teteguhan, da ceuk uwana, cenah. Ngan, Yuda mah teu percaya. Komo deui, uwana mah jalma nu 'rasional'. Kétang, kitu sotéh baheula!

Nu leuwih matak panasaran, ku dikaluarkeunana uwa ti Surya Medal, uwa jadi teu puguh cabak. Dua taun ngaligeuh teu daék baranggawé. Balukarna uwa istri gé ménta dipulangkeun ka sepuhna. Cindekna, uwa téh pipisahan! Uwa teu boga budak, teu ngalantarankeun aya korban séjén balukar rumah tangga bubar.

Uwa hirup nyorangan. Pakasabana teu tangtu, teu boga pacabakan maneuh. Keur kahirupan sapopoé, ngandelkeun kontrakan. Basa uwa meunang warisan ti aki, uwa nyieun kontrakan tilu rohang. Nya tina éta gé ari keur kahirupan sapopoé mah teu susah. Lian ti éta, uwa gé ka dieunakeun kalan-kalan nulis feature, carpon, cérpén, jeung sajabana. Malah, sakapeung sok jadi nara sumber dina ceramah nu tumali jeung jurnalistik.

Imah nu ditempatan ku uwa téh leutik, ukur ukuran 5 X 6, 5 mété. Ukur aya dapur jeung kamar mandi. Di imah taya paparabotan, euweuh TV. Kadieunakeun mah aya léaptop modél heubeul paméré ti kawawuhanana, minangka buruhan nyieun biografi. Keur hiburan, aya radio. Tah, éta téh radio heubeul, jieunan taun 1970-an. Ngan alus kénéh. Lain radio meunang meuli, tapi radio paméré ti nu ngajual imah ka uwa.

Imah uwa téh urut bumi Pa Lurah, nu maot, aya nu némbak di kamarna. Cenah, mah ku garong, basa saminggu saméméh narima duit ladang lahan nu kasabet ku proyék walungan. Éta radio téh paméré ti urang lembur Pasir Caringin.

"Mun teu jeung batur, Yuda milu," ceuk uwa harita.

Nu rék nepungan dalang di panggung téh, lain uwa wungkul, tapi ogé Pa Udin, reporter RRI nu ngahaja rék ngarékan éta pintonan. Ngan, piisukaneun ka indit reporter RRI téa, bbéja moal bareng jeung uwa. Manéhna mah, rék megat

panayagan di jalan, da kabeneran imahna deukeut ka jalan nu bakal kaliliwatan ku rombongan nayaga. Ari Uwa Sukma, mémang teu boga niat wawancara peuting éta mimitina mah, da puguh geus jangji saméméhna gé. Rék wawancara husus nu butuh waktu sakurang-kurangna sajam. Ngan, ki dalang ménta wawancara sakalian di nu hajat.

Sawatara waktu ka tukang, Pa Yana gé ngobrolkeun uwa basa rék ngaliput dalang Adang Sutarya. Uwa nelepon ti wartél. Malah, cenah, Pa Yana gé ngadéngékeun pisan obrolan uwa jeung Ki Dalang téh.

"Halo!"

"Saha?"

Uwa nyebutken ngaran jeung pacabakan. Taksiran Ki Dalang téh pohoeun kana jangjina rék diwawancara ku uwa.

"Aduh, hapunten nya, Hilap. Kumaha atuh upami engké wengi wé di Pa Romli, di Kampung Pasir Ibun, lebakkeun Pasir Angin? Sakantenan sareng réporter nu ti RRI," ceuk Ki Dalang.

"Saha nya?"

"Pa Udin."

"Mangga. Insya Alloh."

"Badé sareng?"

"Nyusul wé, badé kana motor."

"Muhun, Mangga diantos."

Uwa gé apaleun kana jadwal manggung dalang Adang Sutarya téh. Da kungsi ka bumi Ki Dalang, ngan pribumi teu kasampak, ukur aya bojona, Ceu Utari. Dina kalénder tanggal-tanggal pimangungeun dicirian ku spidol beureum. Di dinya gé kanyahoan, Malem Saptu 4 Agustus téh manggung di Pa Romli, urang Pasir Ibun.

"Sabenerna, upama teu ka luar, nu bakal jadi pingpinan Surat kabar téh Uwa hidep," ceuk Pa Rustam, babaturan kénéh Wa Sukma.

Ayeuna, éta koran dicekel ku Pa Haji Mukti, minangka pingpinan umumna. Éta téh, anak Pa Subarja, babaturan Uwa. Pa Mukti, asalna wartawan, saterusna dipercaya jadi pamingpin pausahaan. Di antara pamingpin surat kabar nu kungsi mingpin

Surya Medal, nya anjeunna nu pangbeungharna. Lian ti boga hotél téh, deuih bogaeun beus antarkota aya kana limana.

"Uwa di dinya mah idéalis," ceuk Pa Rustam deui. Sakapeung nyebut ngaran, sakapeung nyebut 'di dinya'. Umur Pa Rustam, sahandapeun uwa genep taun. Tapi, cenah, da uwa mah ka sahandapeun gé ngaharegaan.

"Naha atuh uwa dikaluarkeun ti éta koran?"

"Lain dikaluarkeun tapi ngundurkeun diri!" Ceuk Pa Rustam.

"Naon margina?"

"Tah, lebah dinya mah teu apal."

Uwa teu kungsi betus, alesan eureunna ti éta koran. Tong boro ka batur, wa istri ogé, bojona teu apaleun! Kawasna, uwa mah hayang neukteuk bari anggeus, embung ngaliarkeun taleus ateul.

"Omat deuih kudu manggihan keterangan, kumaha situasi di pagawéan uwa harita," ceuk Yaomil.

"Maksad Akang?"

"Bisa jadi aya persaingan nu teu séhat, pan bisa silikusrukkeun jeung babaturan," pokna.

Di antara Subarja, Sapta, Dahlan, nya uwa, ceuk Pa Yana jeung Pa Rustam, nu pangpayusna jadi pamingpin ngaganti Pa Surya. Tapi, ahirna uwa disingkirkeun. Kitu ceuk Pa Rustam.

Obrolan Pa Rustam kitu, keur Yuda mah mingkin panasaran. Ta-pi, rék togmol nanyakeun teu werat. Kungsi nanyakeun alesanana ka luar ti éta koran. Tapi, jawaban uwa mah pondok. "Bosen wé," pokna.

Bosen? Naha enya uwa bosen? Yuda curiga. Jawaban uwana kitu siga ngahaja ngarah ngabuntut bangkong.

Yuda mindeng mondok di uwana. Malah, sakapeung mah idek-liher di dinya. Upama kaparengan uwana keur euweuh, Yuda wani kurah-koréh kana laci méja tempat uwana ngetik.

Sakur nu kadéngé ku Yuda, dicaritakeun ka Yaomil. Pa Dosén, leukeun nyatet-nyatetkeun keterangan ti Yuda. Najan, katémbongna nyalsé, Yaomil daria ngalaksanakeun pancénna.

Uwa mah rajin, méh sagala tulisanna, iwal ti berita, boga arsipna. Yuda gé apal Uwana téh neundeun arsip tulisan dina file hideung, nu asup ratusan lambar. Tulisan feature jeung fiksi mah kabéh gé aya.

Sanggeus Yuda ngadéngé omongan Pa Rustam, kapanasaran ka Uwana beuki nambahan. Saterusna, hayang nyaho duduk perkara nu sabenerna. Ngan, ka saha nanyakeunna. Ras Yuda inget kana tulisan-tulisan uwana, sugar aya pituduh ngeunaan ‘kasus’ nu ngalantarankeun uwana ka luar ti Surya Medal.

Basa Uwana nyaba ka luar kota, aya kana tilu poéna, Yuda kakaratak kana rak buku. Langsung kana file. Hiji-hiji dibukaan. Tapi, sama sakali taya berita uwa nu tumali jeung kajadian nu pantes jadi mamala keur uwana. Yuda néangan berita sual jalan layang, tapi tétéla euweuh. Padahal, éta berita téh penting upama ditumalikeun jeung béja ti babaturan uwa. Tapi, keur uwa mah bangun nu teu penting.

Tulisan-tulisan uwa feature tina Surya Medal, geus méh kailikan kabéh. Dina lambaran panungtung, bréh berita pondok. Dua kolom, panjangna ukur sawelas sénti. "Sering nongton, raraosan ka dieunakeun asa mingkin saé," ceuk Pa Ahya tukang bajigur. Pamanggih tukang bajigur kitu téh, dicutat ku uwa. Yuda teu sirikna molotkeun panonna. Ras inget kana pangalaman lalajo wayang jeung uwana welasan taun ka tukang.

Bagian Kaopat

Mimitina Yuda teu pati kataji ku tulisan kitu mah. Ukur warta nu nyaritakeun dalang Adang (alm) beuki hadé. Tapi, sabada muka lambaran séjén, nu ngarémpét jeung éta tulisan, Yuda ngajenghok. “Dalang Adang dilaporkeun ka pulisi.” Éta tulisan, sapoé reujeung jeung tulisan Uwa. Nu ngalaporkeunana, Pa Romli, urang Pasir Ibun.

Pa Romli ngarasa diwiwirang. Panggung geus sayagi. Nu lalajo geus noyék, tapi rombongan ki dalang teu datang. Rék ditanyakeun, da tacan aya telepon di éta lembur mah. Kétang, tong boro telepon, listrik gé can aya harita mah.

Tulisan dua warta téh bédá. Koranna bédá, eusina patukang-tonggong. Dina Surya Medal nu ditulis ku uwana, kacaturkeun ki dalang meunang pangbagéa ti nu lalajo. Tapi, dina berita séjén, Pa Romli ngalaporkeun dalang Adang ka pulisi. Naha bet patukang tonggong kitu? Yuda ngahuleng.

Yuda terus maca nepi ka tamat. Intina nu hajat ngarasa ditipu ku dalang Adang. Jangji rék datang malah geus dipanjer, tapi teu datang. Ngan, di dinya gé disebutkeun can meunang keterangan ti dalang Adang. Salambar deui, aya kénéh berita sual dalang Adang. Tapi, éta mah can waka dibaca ku Yuda téh.

Yuda ngilikan tanggalna. Warta nu ditulis ku uwana tépéla satanggal jeung warta pangaduan Pa Romli di koran séjén, sarua tanggal genep Agustus.

Yuda mikir, naha Adang téh narima panyeureuhan ti duaan kitu. Saha nu salah, naha dalang Adang nu kaliru, atawa Pa Romli, nu hajat téa nu kaliru nyeureuhan ka ki dalang. Da geuning Adang dina poé éta mah ngadalang di nu séjén.

Saterusna, Yuda ngilikan deui lambaran séjénnna, nu can kabaca téa. Di dinya kabaca, rombongan dalang Adang Asup ka jungkrang. Éta warta téh, heuleut sapoé, tina warta nu ditulis ku uwa. Di dinya dituliskeun, cenah, Dalang Adang maot di tempat kacilakaan.

Yuda bingung. Naon hubunganana tulisan Uwa jeung dua warta nu ditulis dina koran séjénnna? Yuda weléh teu ngarti. Kapanasaran Yuda ka uwana, beuki nambahan. Tapi, da harita mah teu bisa langsung nanyakeun ka uwana.

Yuda héran, warta-warta nu dikliping ku uwa téh, taya hartina, ceuk Yuda mah, ukur warta nu geus heubeul, nu taya pangaruhna keur dangka lila. Berita dalang sohor, dalang nu diadukeun ka pulisi, jeung kacilakaan mah ilahar. Tapi naha uwa siga nu nganggap penting kana éta berita téh?

Yuda jangji, naon waé tulisan ngeunaan uwa, rék dibéjakeun ka Yaomil. Ku lantaran kitu, ti tempat motokopi téh langsung ka imah Yaomil. Tulisan ngeunaan nu tumali jeung dalang Adang dibikeun ka emangna.

Yuda néangan deui tulisan séjénna, pangpangna nu sakira-kirana tumali jeung dipecatna uwa ti koran téa. Nu ceuk taksiranana, sual ténder jalan layang, jeung sual pabrik Liem Huang, nu cenah teu jadi kasabet walungan, taya beritana di uwa mah. Padahal, ceuk béja séjén, tina kasus éta di antarana nu ngalantarankeun uwa dipecat. Uwa ngawartakeun rarancang walungan nu mun dilempengkeun bakal ngadobrak pabrik. Cenah, Uwa gé kabagéan ‘jatah’, sabab milu nguruskeun éta pabrik sangkan teu keuna ku proyék. Naha enya kitu uwa gé kabaud kana skandal pabrik Liem? Yuda tacan meunang keterangan.

Waktu balik lalajo wayang, isuk-isuk, uwa nyimpang heula ka hiji imah tungtung lembur nu geus deukeut ka kota. Teu lila, da Pa Lurah, pribumi téa, teu kasampak. Saur bojona, ti kamari kénéh ka kota rapat di kabupaten.

“Saurna mah rapat perkawis lomba désa,” saur Bu Nisa, bojona Pa Lurah.

Désa Sampalan kaasup salasahiji désa nu diilukeun kana lomba désa tingkat provinsi.

Uwa rék nulis ngeunaan éta désa. Lain rék nulis sual lomba désana, tapi rék nulis sual kalaparan Kalapa Dua, nu kabawah ku éta désa. Kari konfirmasi Pa Lurah, da bahan ti lapangan mah geus cukup.

Sanggeus, marén pancén, Pa Lurah pindah ti Kadu Kolot, ka wewengkon rada kota. Ngan, nya kitu, sual umur mah teu bisa dibadé. Kakara lima taun nyicingan éta imah, Pa Lurah maot. Saterusna, imahna dibeuli ku uwa, da bojo Pa Lurah mah mulang ka lemburna di lebakeun Pasir Masigit.

Uwa boga sawah tilu kotak di sisi lembur Mang Kana. Ieu panyawah téh, mindeng mondok di uwa, sakalian mangmérésankeun buruan imah. Peutingna Uwa sok dipijet ku Mang Kana, da sohor di lemburna mah, manéhna téh tukang urut.

Sajeroning mukaan kliping koran, Yuda inget ka Mang Kana. Ceuk pikirna, Mang Kana apaleun kana lalakon hirup uwa, copelna leuwih loba kanyaho batan manéhna. Sahenteuna, mindeng sagulung-sagalang, mindeng ngawangkong.

Yuda tara wani cakot-cokot upama teu diidinan ku uwana. Tapi, harita mah kabiasaanana kitu téh dilanggar, lantaran panasaran. Kliping nu tumali jeung warta dalang téa, dipotokopi, dipasrahkeun ka Yaomil.

Aya kana sawelas kalina Yuda jeung Galih ka lembur Atim. Bahan-bahan nu tumali jeung skripsina dianggap cukup. Loba dongéng nu kacatet, di antarana urang Sampalan cadu ngalalakonkeun Karna Tandingan, lalakon sempalan Mahabarata nu nyaritakeun perang tanding Arjuna jeung Dipati Karna. “Duka margina mah, mung nu téteła, saban nanggap éta lalakon sok aya kajantenan riributan, pangpangna mah nu garelut,” ceuk Pa Hadori.

Sakurang-kurangna, dua minggu sakali Mang Kana datang ka uwa. Tapi, harita mah geus méh sabulan, teu datang-datang. Kapaksa Yuda ngahaja datang ka imah Mang Kana, dibarengan ku sobatna, Galih.

Ngahaja inditna téh pasosoré, rék moro mondok. Maké motor Galih, Honda Tiger, da nu Yuda mah Véspa, matak barabé dipaké nyorang jalan taringgul mah.

Nepina ka panyabaan bada Isa. Méméh ka imah pribumi, nyimpang heula ka tajug. Ti dinya mah ukur kahalangan ku kebon ka imah Mang Kana mah.

“Punten?”

“Saha?”

“Abdi, Mang?”

“Cép Yuda?” Mang Kana apaleun kana sora Yuda.

“Muhun.”

Kolotrak panto muka. Lol Mang Kana ngelol, masih kénéh dikopéah jeung disarung. Taksiran, kakara tas solat Isa.

“Pa Sukma damang?” Mang Kana nanyakeun uwa. Kitu sesebutan Mang Kana ka Pa Téja Sukma téh.

“Pangésto. Sawalerna, Emang sareng bibi?”

“Alhamdulillah.”

“Aya naon atuh mani rareuwas?”

“Ah, teu aya nanaon, Mang. Sono wé tos lami teu tepang.”

“Puguh enya. Emang téh tacan kaburu ka ditu, lantaran rariweuh, kapaksa kudu menerkeun cai unggal peuting, da mun teu kitu mah lapur. Moal kabagéan, cai susukan moal nepi ka sawah garapan emang mun teu dikocorkeun ti tonggoh mah.”

“Saban usum halodo kituna téh, panginten?”

“Ah, kaayeunakeun wé, Cép. Kapungkur mah, najan halodo ngampleng gé cai mah mayeng, ngocor!”

“Teu acan taruang, panginten nya Cép?” Bi Onah, bojo Mang Kana nyelengkeung.

“Atos di jalan.”

“Muhun, nembé di warung péngkolan ka dieu.”

“Nyangu wé atuh!” Mang Kana nitah bojona.

“Entong, Bi. Leres wareg kénéh!”

“Opieun wé atuh!” Ceuk pribumi ka bojona.

Bi Onah ngojéngkang ka dapur. Teu kungsi lila kadéngé ngajirijis, kaambeu goréng ranginang.

Sanggeus ngasongkeun susuhu, ranginang jeung cai entéh, Bi Onah mah ngoloyong ka pangkéngna. Teu milu ngobrol. Tunduh, cenah.

Obrolan Yuda teu tongmol nyaritakeun uwana. Mimitina mah kitu wé, sual tatanén jeung kaayaan di lembur masing-masing. Ngan, lila-lila mah teu burung nyambung jeung nu dimaksud.

Teu kudu dipancing. Ahirna mah obrolan téh murudul jeung museur Kana pangalaman Mang Kana salila ngadunungan ka Uwa.

“Cing naon pangalaman Emang nu teu weléh émut waé, salami Emang wanoh ka uwa?”

“Naon nya? Seueur atuh!”

“Di antawisna, Mang?”

“Naon nya?” Mang Kana malik nanya.

“Ieu deuih, Mang. Kuntos teu uwa sasauran pangna ka luar ti Surya Medal.”

“Tah, éta mah, leres-leres emang teu terang. Seueur nu diobrolkeun ka emang téh, tapi perkawis nu tumali sareng anjeunna ka luar ti padamelan mah henteu. Seseringna mah nyarioskeun lalakon wayang.”

Uwa kacida resepeunana kana wayang. Pajarkeun téh loba luang jeung pangalaman. Ngan, uwa mah teu resep ka kabéh dalang, da nu pangdipikaresepna mah nu ngadalang gugon kana pakem. Resep ngabandungan lalakonna.

“Sakapeung cariosan Pa Sukma mah teu pikahartoseun,” ceuk Mang Kana.

“Cariosan sual naon, Mang?” Galih semu panasaran.

“Muhun perkawis rupi-rupi kajantenan nu ditumalikeun sareng lalakon wayang.”

“Euh kitu, Mang?”

“Muhun.”

Galih semu héran. Ari Yuda mah teu ngarasa anéh teu sing, da ti heula gé Mang Kana kungsi nyarita kitu. Ngan, pohoeun deui meureun.

Saterusna Mang Kana cacarita. Hiji waktu, basa manéhna mondok di uwa, kadéngé sora dalang tina radio. Lalakonna, nyaritakeun Dwarwati Diléléd Ombak. “Malih, éta carios téh dugi ka noron tilu kali,” ceuk Mang Kana.

“Teu aya deui lalakon sanés panginten, Mang?” Ceuk Galih mairan.

“Bisa jadi kitu. Tapi, kétang da biasana gé ganti-ganti lalakonna téh.”

“Mung waktos emang milarian kasét éta lalakon di saban toko, teu mendakan,” ceuk Mang Kana.

Perkara radio, mémang boga carita mandiri. Pa Lurah gé narima éta radio ti Mang Juhdi, urang lembur nu perenahna deukeut Pasir Caringin. Manéhna katitipan ku nu ngakukeun sobat Pa Lurah. Kitu ceuk Mang Juhdi.

“Kitu Mang? Abdi mah nembé nguping ayeuna!”

“Perkawis éta mah, tiasa disusud ka Bu Lurah, Bu Nisa, sareng ka Aséng,” ceuk Mang Kana.

Yuda jeung Galih ukur mésem.

Tina nyaritakeun wayang dina radio, obrolan téh bras wé ka paradalang. Mang Kana mah apaleun pisan ka dalang-dalang sohor téh. Di antara dalang kameumeutna téh, Adang Sutarya nu tilar dunya lantaran kacilakaan. Ki Dalang dirojong ku nayaga nu geus maroyan. Malah, sindén (Isah Karyati), alok (Saman Wijaya), jeung tukang kendang (Ajum Jumena nu ogé katelah Si Brangbrang), kaasup réngréngan seniman nu sohor ka jauhna. "Geunjleung waktos kajantenan kacilakaan harita mah," ceuk Mang Kana.

"Emang ngaraos leungiteun atuh?"

"Kantenan. Malah, ku resep-resepna ka Adang Sutarya, dalang sanés gé sok kakuping téh asa ngadangu dalang Adang wé," ceuk Mang Kana méssem.

"Kitu nya Mang?"

"Muhun. Kétang da seueur dalang nu niron-niron Adang Sutarya."

"Kutan!"

"Leres. Cobi wé bandungan. Nu disiarkeun di RRI, sapertos nu sering kabandungan ku emang waktos mondok di bumi Pa Sukma, apan soanten dalang téh mirip Pa Adang. Ngan, hanjakal ka dieu mah teu katangkep. Saban Malem Salasa jeung Juma'ah, sok ngahaja muter-muter radio hayang ngabandungan carita wayang saperti nu sok kadéngé dina radio uwa hidep. Ngan, lapur, teu katangkep di lembur emang mah," Mang Kana semu handeueul.

Yuda apaleun, siaran wayang téh lain ti RRI, tapi ti studio séjén. Kanyahona kitu, teu dibéjér-béaskeun ka Mang Kana, bisi kapapanjangan.

Yuda jeung Galih mah percaya teu percaya, sabab teu kungsi apal bener-bener Kana sora dalang Adang téh. Kétang, da maranéhna mah arang ngabandungan carita wayang.

Nu salamet tina kacilakaan téh tukang rebab (Mang Salim). Disebut salamet téh, pédaht teu nepi ka misan, da cilaka mah angger. Malah, leungeun kéncana nepi kana siku diamputasi. "Tah, Mang Salim mah gaduh murid, nu katelah Salim Muda nu namina aslina mah Samsu. Pédaht, dina ngarebab boh késétna boh gayana, blég wé Mang Salim waktu masih kénéh bisa manggung," ceuk Mang Kana.

Sajeroning ngobrol, Yuda mah teu weléh kutrat-kotrét nyieun catetan. Pangpangna nyatetkeun ngaran-ngaran nu ditataan ku Mang Kana nu perelu ditepungan. Sakurang-kurangna, kudu nepungan Bu Nisa (bu lurah), Mang Salim, Mang Aséng, jeung Mang Ahya tukang bajigur nu tepung dina wayang sawatara taun ka tukang.

Saméméhna, Yuda nyatet ngaran Mang Ahya, nu ceuk pikirna pantes ditepungan, sabab kabeneran dagang dina wayang nu dalangna Adang Sutarya.

Ras kana dongéng Mang Unab, nu nyebutkeun bapana kungsi manggih pangalaman anéh dina wayang. Ngan, dongéng Mang Unab téh ngagantung, kaburu aya nu séjén nu ménta diladangan bajigur.

“Naha enya, bapa Mang Unab téh Mang Ahya nu kungsi tepung welasan taun ka tukang waktu lalajo wayang di tatangga lembur Atim,” Yuda ngagerentes.

Bagian Kalima

Isukna, Yuda jeung Galih balik ti lembur Mang Kana. Di warung sisi jalan, reureuh heula. Yuda ngajak sobatna nepungan Mang Ahya.

"Mun aya waktu, urang ulin ka Mang Ahya."

"Iraha?"

"Mun bisa mah Saptu ayeuna."

"Naha apal kitu alamatna?"

"Nya urang nanyakeun wé ka Mang Unab,"

"Har naha apaleun kitu?"

"Puguh wé, da bapana."

"Kutan?"

"Enya. Geus dipuguhkeun ka Atim."

Sajongongan Galih ngahuleng. Nginget-ningget bisi aya pagawéan séjén. Teu kungsi lila nyarita. Cindekna mah nyanggupan.

"Insya Alloh da moal ka mana-mana."

"Urang isuk-isuk wé nya."

"Nya teu nanaon. Kuma nu ngajak wé."

Isukna, Yuda ngahaja datang ka imah uwana. Galih gé ngahaja datang ka dinya. Maksudna mah hayang ngadéngékeun pamanggih uwa ngeunaan lalakon Karna Tandingan.

Maksud Yuda jeung Galih tangtu bédha. Nu saurang mah keur bahan skripsi, nu saurang deui mah lantaran kajurung ku kapanasaranana. Yuda kungsi ngadéngékeun carita Karna Tandingan tina radio uwana. Ngan, teu tamat da harita téh kaburu tunduh.

Basa Galih nepikeun maksudna rék nyieun skripsi nu jejerna sual pantrangan-pantrangan di lembur-lembur sabudeureun Pasir Ibun, babaturanana mah loba nu ngageuhgeuykeun.

"Ah, énté mah kawas lain mahasiswa waé kalah percaya ka nu kakaritu," ceuk Dayat, babaturan ulinna.

"Ih, lain sual percaya teu percaya. Uing mah nulis nu kitu sotéh duméh wé kabandungan kénéh aya nu teu wani ngarempak kana éta pantrangan. Ari keur sorangan mah teu rék kapangaruhan ku pamanggih masarakat. Nu jelas mah, kanyataan kitu aya di masarakat. Kadar éta, aya nu percaya aya nu henteu, kumaha karep," pokna.

Ngobrol jeung uwa, harita mah museur kana sual carita wayang. Uwana resepeun pisan dibawa ngobrol sual wayang téh.

"Hayang apal mah baca wé atuh bukuna."

"Uwa kagungan kitu?" ceuk Galih. Nyebutna gé sarua 'uwa' nurutan sobatna.

"Aya. Tuh wé téangan dina rak nu dijuru!"

Rak buku téh dua. Hiji di tengah imah, hiji deui di kamar tukang. Teu loba nu dina rak kamar tukang mah. Eusina gé husus buku-buku karandel. Di dinya aya buku-buku tarjamahan tina buku deungeun saperti Monte Cristo karya Alexander Dumas; Kejahatan dan Hukuman karya Fyodor Dostoyevsky; Insomnia karangan Stephen King. Lian ti éta aya dua buku babon carita wayang. Ieu tarjamahan tina buku Mahabarata karangan Viyasa jeung Ramayana karya Walmiki. Keur Galih mah penting lantaran tumali jeung skripsina, copélna keur bahan babandingan antara carita nu dipintonkeun ku Ki Dalang jeung carita dina buku asalna.

Ngobrol téh nepi ka satengah dua welas peuting. Uwana ngagoloyoh ka kamarna. Yuda jeung Galih morongkol di tengah imah. Yuda mah di handap ukur disamakan, ari Galih mah dina korsi panjang.

Di uwana taya tv. Minangka hiburan téh ukur nyetél radio. Mimindengna mah nyetél berita luar negeri, saperti VOA, BBC, jeung ABC. Tangtu deuih, uwa saban peuting muter-muter gelombang radio, néangan wayang.

Angkanan mah, méméh saré téh rék kalaluar heula. Rék meuli sangu goréng di parapatan jalan. Bukana sapeupeuting, nepi ka subuh.

Sajungjungeun, sanggeus ngarawél jékét, Galih jeung Yuda teu tulus ka luar. Harita téh, kadéngé hujan miripis. Hujan nu dianti-anti patani, lantaran geus aya kana dua bulanna halodo. Mangka paré mah rambéteun. Lapur, bakal kagaringan upama teu aya hujan sabulan deui mah. Yuda jeung Galih tinggolédag deui dina pangsaréan masing-masing.

Kakara gé rék ngalenyap, kadéngé sora gamelan. Saperti biasa, carita wayang tina gelombang éta mah taya panganteurna. Ujug-ujug der wéh, sakapeung nu kadéngé mimiti téh sora sindén, nu ngahaleuangkeun lagu Kembang Gadung.

Taksiran, sora radio téh kadéngéeun ku uwa ogé. Da ujug koréjat wéh. Cinekul, terus ka luar ti pangkéng, ngajingjing radio diteundeun dina méja hareupeunana.

Ningali uwana ngoréjat deui, Yuda jeung Galih gé hudang. Pitun-duheun nu geus ngagayot dina kongkolak panonna ilang sapada harita.

Koloyong Yuda ka dapur. Ninyuh cikopi tiluaneun.

"Mending gé urang ngadéngékeun wayang," ceuk Uwa bari nyetrékeun lampu kamarna sina poék. Nu hurung mah ukur tengah imah jeung lampu dina lalangit téras hareup.

Sanggeus lagu Kembang Gadung, Ki Dalang muka carita, ngagambarkeun pihak Astina nu keur tatan-tatan ngayonan balad Pandawa di Tegal Kurusétra. Perang antara Kurawa jeung Pandawa asup kana babak Bisma kagiliran jadi panglima perang.

"Geus dua kali lalakon Bisma Gugur. Peuting ieu nu katilukalina," ceuk Uwa ngagerentes.

"Teu gaduheun rékaman sanés panginten Wa," ceuk Galih.

"Bisa jadi. Tapi ..." Uwa teu kebat nyaritana.

"Tapi naon Wa?" Yuda panasaran.

"Bisa jadi ngahaja."

Sakapeung, Mang Uléh gé tatangga uwa ngadéngéeun wayang tina radio téh, da puguh imahna aya tukangeun imah uwa. Kungsi nanyakeun gelombangna, da hayang nyetél wayang saperti nu kadéngé ti imah uwa. Tapi, lapur, najan digalar-gilir, gelombangna nu nyiarkeun radio teu katangkep.

Tina sababaraha kali ngabandungan siaran wayang dina éta radio, bisa dicindekkeun, kasét nu diputer téh éta kénéh éta kénéh, lalakon Yudistira Turun Tahta, Arimbi Ngadeg Raja, Duwarwati Diléléd Ombak, Karna Tandingan, jeung Bisma Gugur. Uwa rajin nyatetkeun lalakon tina éta radio. Cenah, lalakon Destarata Turun Tahta kungsi noron disiarkeun tilu kali unggal peuting, disusul ku lalakon Arimbi Ngadeg Raja, nu disiarkeun tilu kali. Dwarwati Diléléd Ombak noron tilu-tilu kali. Nu kawilang jarang, téh Karna Tandingan. Ari Bisma Gugur, geus dua kali noron, katilu kali dina peuting éta.

Hiji waktu, Yuda mah ngahaja néangan kasét carita wayang nu disiarkeun dina radio téa. Ngubek ka méh saban toko kasét. Ukur manggih dua lalakon, Bisma Gugur jeung Karna Tandingan. Waktu disetél, tétréla bédha jeung nu kungsi disiarkeun dina radio téa. Nu dina kasét mah nayagana gé kumplit, aya tu-kang rebab aya alokna deuih!

"Kawas-kawas rék aya inohong nu maot," Uwa ngagerendeng. Nyaritana alon pisan. Nepi ka Yuda mah teu tenget kana omongan uwana kitu téh. Ngan, taksiran Galih mah ngadéngékeun, da puguh diukna leuwih deukeut ka uwa.

Lalakon teu kungsi tamat. Kakara gé nepi ka Bisma kapentang panah Srikandi, les wéh teu kadéngé. Uwa haben ngagilir-gilir gelombang radio. Lapur teu kapanggih.

Isuk-isuk sanggeus ka carai, Galih jeung Yuda ka warung. Ngadon sarapan sangu konéng di Bi Unéh. Bari nyaneut, ngabandungan warta berita tina TV. Galih ngajenghok, ceuk berita, H. Ali Sadikin, nu katelah Bang Ali, gubernur DKI mantan tilar dunya. "Innalillahi waina ilaihi rojiun," Galih jeung Yuda ngagerentes.

Ras Galih kana caritaan Uwana tadi peuting, nu nyebutkeun kawas-kawas bakal aya inohong nu mulang ka kalanggengan.

"Yuda ngadéngé caritaan uwa tadi peuting?"

"Perkara naon téa?"

"Saur uwa, kawas-kawas bakal aya inohong nu tilar dunya."

"Ah, naha enya, uwa nyarita kitu?"

"Enya kadéngé pisan ku sorangan."

"Geuning di dieu mah teu ngadéngé."

"Da lalaunan nyariosna gé."

Ti warung Galih jeung Yuda langsung nepungan Uwa. Ngabéjakeun berita tina radio.

"Wa Bang Ali pupus."

"Enya, uwa gé ngadéngé ti RRI."

Yuda ngahuleng. Mikiran kekecapan uwana. Ras kana omongan Mang Kana nu nyebutkeun uwana kawas nu nyaho ka nu bakal kajadian. Naha enya uwa nyaho ka nu bakal kajadian? Atawa ukur kabeneran. Yuda teu bisa nyindekkeun!

Yuda jadi panasaran kana radio uwa. Matak, ceuk pikirna, nu kudu ditepungan mah, pangpangna Bu Lurah heula. Lian ti puguh dumukna, ogé geus arang indit-inditan jauh. Minangka kagiatan maneuhna téh ka pangajian, saban Rebo jeung Saptu bada Lohor. Lian ti dinya mah sok aya waé di imah.

Waktu disabaan ka bumina, Bu Lurah kasampak. Pribumi harita galéhgéh naker ngabagéakeun nu datang téh. Apaleun Yuda téh suan Pa Sukma nu meuli imahna téa.

"Kumaha damang, Kasép?"

"Alhamdulillah, Bu."

"Kumaha Pa Sukma séhat?"

"Alhamdulillah séhat. Sawalerna Ibu, damang?"

"Cageur. Yap atuh ka lebet."

"Nuhun."

"Tos ti marana atanapi badé angkat ka mana?"

"Biasa wé udar-ider milarian bahan serateun Bu."

"Euh enya, nya da tukang ngider hidep mah."

"Sok atuh reureuh heula."

Sanggeus ngobrol ngalér-ngidul, Yuda kakara néangan jalan, hayang meunang dongéng ngeunaan radio. Ceuk pikir Yuda, radio téh, lain radio samanéa. Buktina, loba kaahénganana. Saperti siaran wayang dina éta radio nu maneuh disiarkeun malem Salasa jeung Saptu tengah peuting, tétéla dina radio batur mah tara katangkep. Ari disebutkeun éta radio leuwih hadé batan nu séjén, asa pamohalan.

Nilik Kana wangun jeung modélna, kaasup modél heubeul. Sacara téhnis, radio ka dieunakeun leuwih hadé!

Méméh ngadongéngkeun radio, Bu Lurah nyaritakeun heula Pa Lurah saminggu saméméh nemahan pati. "Méh unggal énjing pun lanceuk nyarioskeun radio disada teu pupuguh," ceuk Bu Nisa nyoréang mangsa ka tukang.

"Naon saurna nu kakuping ku Pa Lurah téh?"

"Saurna mah sok kakuping siaran wayang,"

"Lalakonna naon waé?"

"Duka perkawis éta mah, teu kantos ditaroskeun. Anjeunna ogé teu nerangkeun lalakon sareng dalangna. Ukur kitu wé nyarioskeun radio disada teu pupuguh, sareng siaran wayang golék" Bu Lurah nandeskeun.

"Mémang leres disada teu pupuguh atanapi hilap teu dipareuman?"

"Tah, duka perkawis éta gé. Ibu mah teu kantos tetelepék."

"Dipi radiona aya kénéh?" Yuda api-api teu nyaho.

"Teu aya, da kapungkur téh sakantenan wé dipasihkeun ka Pa Sukma," pokna.

Radio leutik pasagi saperti kotak, kandelna dua sénti, rubakna ukur dalapan sénti, panjangna dua welas sénti. Radio antik nu teu sagawayah dipiboga jaman harita mah. Yuda gé kungsi ningali radio kawas kitu téh ti Kang Saad nu kungsi jadi réporter RRI saangkatan jeung Pa Udin.

Radio éta téh, radio ka dua bogana Pa Lurah. Nu mimiti mah, radio rada gedé ti dinya. Ngan, aya nu maok. Pa Lurah teu bisa waka meuli deui radio, da keur ukuran harita mah kaasup mahal. Hayang radio téh kudu ngajual béas sakintal.

Basa kukumpul rék meuli deui radio, teu laksana. Lain euweuh duit tapi, harita téh aya rombongan wartawan ti Bandung rék ka Pameungpeuk. Kang Udin, reporter nyimpang ka Pa Lurah, maksudna rék nginjeum duit lantaran dompétna tinggaleun. Bubuhan geus wawuh pisan, Pa Lurah méré nginjeum duit ka Mang Udin.

Bu Nisa gé teu apaleun persis asal-usul radio téh. Nu tépéla, kira-kira haneut moyan aya nu datang. Nanyakeun bumi Pa Lurah. Maksudna, ukur nyebutkeun katitipan radio ti urang kota keur Pa Lurah.

Bagian Kagenep

Bu Nisa gé teu apaleun persis asal-usul radio téh. Nu tétéla, kira-kira haneut moyan aya nu datang. Nanyakeun bumi Pa Lurah. Maksudna, ukur nyebutkeun katitipan radio ti urang kota keur Pa Lurah.

"Saha nu ka dieuna?"

"Juhdi, namina téh."

"Urang mana?"

"Ti lembur caket Pasir Caringin."

"Alamatna angger kénéh kitu ayeuna."

"Kantenan wé, tetep di dinya. Da, kaleresan minggu kamari ibu kantos ka lembur Juhdi, ka wargi ibu. Saurna, Juhdi masih kénéh aya di éta lembur. Kanggo Patokan mah, saatosna jambatan, aya Tanjakan Ogin. Tah, ti dinya mah kantun méngkol ka kénca."

Yuda nyatetkeun alamatna. Maksudna méakeun panasaran, hayang nyaho asal-usul éta radio.

"Tanjakan Ogin?"

"Muhun."

"Sapertos tokoh carita dina wawacan."

"Muhun."

"Naon margina disebat kitu?" Galih panasaran.

"Duka atuh, Cép."

Ti Bu Nisa, Yuda jeung Galih ka Pasir Caringin. Alamat nu dimaksud teu hésé. Najan lain inohong masarakat, di kampung mah tong boro jeung nu salembur dalah ka urang kampung séjén gé loba nu apaleun.

"Komo deui ka Mang Juhdi, da sohor purah beluk, purah nembangkeun wawacan. Bumina caket tangkal kalapa ngaréndéng dua. Tah, palih kénca bumina téh," ceuk nu ditanya.

"Tebih kénéh ti dieu?"

"Caket, kinten-kinten dua kilo."

"Mung énggal-énggal wé meungpeung teu acan wengi teuing."

"Naha Mang?"

"Ah, henteu," pokna bangun aya nu disamunikeun.

"Aya kénéh nu biasa ngabeluk nya?"

"Sanés biasa, panginten, tiasa. Da, tos teu araya ahli-ahlina mah. Mang Juhdi gé pé dah wé turunan ti ramana."

Kira-kira sakilo ti tempat nanyakeun, jalan téh cagak. Nu ka katuhu jeung ka kénca. Nu ka katuhu mah, asa-asa apal Yuda téh, ngan teuing iraha kungsi ngaliwat ka lebah dinya. Nu ka kénca mah lapur, teu apal pisan, da mémang kakara ngaliwat ka lebah dinya.

Keur leutik, Juhdi sok mimilu ka bapana nembangkeun wawacan. Matak, teu anéh teu sing upama Juhdi apal kana rupa-rupa lalakon wawacan, saperti Amar Sakti, Umarmaya, Amir Hamzah, Walangsungsang, Ogin, jeung sajabana.

"Kaleresan atuh, sakantenan wé badé wawancara perkawis wawacan," ceuk Yuda.

"Muhun, saé. Da, ayeuna mah tos jarang pisan nu terangeun kana lalakon wawacan téh," ceuk Bu Lurah nyumangetan.

Disusud ka tempatna, teu hésé. Gok wéh panggih. Kabeneran nu dimaksud kasampak, tas ti masigit, solat Isa.

"Punten wé ngaganggu ka Emang,"

"Ih, teu nanaon. Yu atuh ka balé."

"Yuda jeng Galih hanjat kana golodog. Gék di tepas, teu ka imah, da hareudang cenah.

Yuda langsung nyaritakeun maksudna, hayang apal sual wawacan. Mang Juhdi giak naker diajak ngobrol sual wawacan téh. Manéhna ngojéngkang ka kamar, mawa sababaraha naskah wawacan nu biasa diilo ditembangkeun ku Ki Usin, rama Mang Juhdi.

"Tuh naskahna ogé tos rareksak," pokna.

Mang Juhdi mukaan buku gedé nu tulisanana hurup Arab, tapi basana, basa Sunda.

"Hurup Arab geuning," ceuk Yuda.

"Enya disebutna téh hurup pegon," ceuk Galih.

Galih mah kungsi diajar ngeunaan naskah di kampusna. Apaleun, naskah Sunda téh ditulis dina sababaraha hurup aya hurup latén, hurup Jawa, jeung pegon.

"Tah ieu karesep emang mah, wawacan Ogin," pokna nyéréngéh.

Tina ngobrolkeun wawacan, wangkongan ngalégot kana sual radio. Mang Juhdi ngerutkeun halis, bangun héran.

"Ké radio nu mana nya?"

"Nu disanggakeun ka Pa Lurah?"

"Euh! Dupi perkawis radio, aya naon kitu?"

"Muhun hoyong terang asal-usulna wé," ceuk Yuda.

"Ih, sok nyosok jero!" Ceuk Mang Juhdi.

"Wios atuh Mang, panasaran wé abdi mah."

"Kieu kawitna mah," ceuk Juhdi.

Najan geus welasan taun, éta pangalaman téh teu weléh natrat dina ingetanana. Kira-kira bada Asar, embéna satilu-tilu can balik. Biasana mah hideng sorangan ngampih ka kandangna. Tapi, harita waktu rék diparaban teu kasampak. Juhdi ngeleyeng ka sabudeureun éta kandang. Beuki lila, néanganana beuki jauh. Panonpoé geus nyalingker ka tukangeun gunung. Atuh di éta tempat mah geus reup-reupan.

Waktu ngajanteng di péngkolan deukeut tangkal kiara, kadéngé sora embé ngabérélé. Dilieuk aya jelema nungtun embé. Sidik embé anuna. Indungna ditungtun, nu dua deui anakna ngiclik.

"Ieu téh embé kagungan?"

"Muhun."

"Mangga atuh."

"Mung punten ieu pangnyanggakeun ka Pa Lurah," ceuk nu nungtun embé téh.

Anéh, cenah, Juhdi teu bisa nyarita nanaon. Sagala rupa caritaan jalma pinanggih lir komando komandan ka prajurit.

Juhdi ukur unggueuk-unggeukan, bari nyebutkeun mangga. Léos nu masrahkeun radio indit ti dinya. Waktu Juhdi ngalieuk, si jelema téh teu katémbong. Teuing ka mana léosna.

"Saha anjeunna téh, Mang?"

Keur ngobrol kitu, torojol Bi Irah, bojo Mang Juhdi nyampeurkeun bari mawa cai entéh dua gelas, da Mang Juhdi mah geus disadiakeun kana emuk.

"Malih waktos harita téh, emangna mah teras padangagugulung da kasurupan," ceuk Bi Irah. Taksiran, obrolan nu ditepas téh kadéngéeun ku Bi Irah nu keur sasadiaan nyadiakeun susuguh.

"Kutan emang dugi ka kasurupan?" Yuda semu teu percaya.

"Saurna. Da emang mah teu émut. Waktos sadar téh tos seueur tatangga ngariung emang," pokna nyéréngéh.

"Emang teu kantos naroskeun jenengan anjeunna?"

Leng Mang Juhdi ngahuleng. Nginget-ningget kajadian nu geus welasan taun ka tukang. Ras deui kana omongan nu nitipkeun radio téa.

"Mu... muhun ieu téh ti sa... saha?" Mang Juhdi urup-ap eureup-eup.

"Ti Ogin." Kitu nu kadéngé ku Juhdi mah. Manéhna gé kurang tépéla, teuing nyebutkeun ti ugin, agin, ogin, da cenah, teu pati jéntré. Béja kitu nyabar ka masarakat.

Nepi ka kiwari, éta tanjakan téh katelah Tanjakan Ogin. Pédah, Mang Juhdi nu nyebutkeun papanggih jeung nu nungtun embé téh di dinya, na tanjakan panungtung rék méngkol ka Pasir Caringin.

Tanjakan Ogin, mémang netek. Mangka kénca-katuhuna jungkrang lungkawing. Loba nu cilaka di lebah dinya téh. Ngan, nu pangparnana, rombongan dalang nu tigebrus téa. Harita mah, tacan sohor kasebut Tanjakan Ogin da kasebutna gé tanjakan Pasir Angin wé.

"Leres nu nitipkeun radio téh Ogin nu dilalakonkeun dina wawacan téa?" Ceuk Yuda.

"Ah, sanés atuh Cép. Da, Ogin nu dicarioskeun dina wawacan mah satria, kasép. Ari nu nitip radio mah jalma biasa wé, sapertos urang. Mung kétang teu pati sidik, da tos harieum beungeut," ceuk Mang Juhdi bari ngahéhéh.

"Teras kieu, tadi téh méméh jalan cagak abdi naroskeun bumi emang, nu ditaroskeun téh bangun ngawawadian sangkan abdi énggal-énggal neraskéun lalampahan. Naha mémang seueur kajahatan kitu di dinya téh?"

"Ah, kalebet aman. Malah, aman pisan. Arang deuih nu wantun ngalangkung ka dinya wengi-wengi ari ukur saurang dua urang mah," ceuk Mang Juhdi.

"Naha, Mang?"

"Kanggo urang dieu sareng sabudeureunana mah sohor éta tempat téh sanget kénéh. Saurna, enya ieu mah saur nu sanés, sakapeung sok aya nu ceurik ngabangingik lebah dinya téh. Sakapeung, komo nu jalan ka katuhu, kira-kira tujuh ratus météti jalan cagak, sok aya nu kawénéhan manggihan lembur. Malah, cenah, aya nu kungsi mondok sagala."

"Naha teu aya lembur kitu di dinya téh Mang?"

"Teu aya, aya ogé peuntaseun pasir."

"Euh, kitu."

"Tapi, da éta mah mung ukur bungbu catur urang lembur wé. Emang sorangan, can kungsi kawénéhan manggihan nu anéh-anéh," pokna méssem.

Sisi jalan ka katuhu, aya tempat nu katelah Babakan Pasir Caringin. Ngan, kiwari mah kari urutna. Mémang, cenah, kungsi aya lembur di dinya téh, pangeusina moal kurang ti tilu puluh umpi. Ngariung di lebah léngkob. Ayana lembur ti jaman Walanda kénéh. Beuki lila lembur beuki ngagedéan, pangeusina beuki loba.

"Mung saatosna kajantenan lembur diranjah gorombolan, urang Babakan Pasir Caringin nu salamet, parindah ti éta tempat. Tah, éta mah tragédi ageung dina jaman gorom-bolan DI / TII. Nu maotna ogé aya kana opat puluh urangna," ceuk Mang Juhdi.

Sanggeus kajadian kitu, pangeusina parindah ka tempat séjén. Imahna dirakrak. Sakur nu kapuluk dibawaan pindah ka tempat anyar. Nu nyésa téh ukur tatapakan tina batu wé, da kai jeung kenténgna mah diarakutan ku nu bogana.

Ngadéngé dongéng gorombolan, Yuda mah inget ka Haji Toha-ruddin (alm). Pa Haji nu kungsi jadi tentara dina jaman awal-awal kamerdékaan Indonésia, kungsi ngobrol jeung Yuda basa muateun dina poéan 17 Agustus. Harita, ieu pangsiunan véteran téh nyaritakeun ogé sual gorombolan. Mémang akur jeung nu dicaritakeun ku Mang Juhdi, kungsi aya lembur nu dijorag gorombolan nepi ka pangeusina carem ditandasa gorombolan.

"Malih kantos di hiji lembur mah dugi ka aya nu maot sawengi éta 43 urang," ceuk Pa Haji Taoharudin waktu harita.

Balik ti Mang Juhdi, isuk-isuk. Ti dinya mah ider-ideran, ulin heula kalayan teu boga tujuan anu jinek. Teu poho, ieu dua sobat téh ngahaja nyorang jalan nu ti jalan cagak mah jalan ka katuhu téa. Enya, taya lembur ukur aya tegalan nu méh satengah kurilingna tapel wates jeung kebon entéh.

Yuda asa-asa kungsi ka dinya, tapi iraha. Weléh, teu inget anu pasti. Lolongkrang waktu nu welasan taun, mupus sabagian ingetanana.

Galih gé mondok di imah uwa. Harita mah, Uwa Sukma keur aya, da teu ka mamana. Ngan, peuting mah Yuda gé teu ngobrol husu jeung uwana.

Yuda badami, isukna rék ka Ja-lan Mawar, nepungan istri Mang Udin (alm). Hayang nyaho dongéngna perkara Mang Udin. Akon-akonna mah, rék nanyakeun babaturan Mang Udin, Mang Saad téa. Najan, apal pindah ka luar kota, susuganan bojona Mang Udin apaleun, sabab kungsi sapagawéan jeung salakina.

Yuda gé moal togmol ngawangkong sual Mang Udin, bisi nyuat-nyuat haté Ceu Rukmi, bojo Mang Udin, nu can boga salaki deui. Cenah, lantaran teu bisa mupus pangalaman éndah salila rumah tangga jeung Mang Udin.

"Janten Ceuceu gé teu terang ka mana ngalihna Mang Saad téh?"

"Muhun, teu terang alamat peresisna. Nu terang téh, ngalih ka Ciamis wé," pokna.

"Euh, wios atuh."

Jep jarempé. Yuda ngenyot ududna. Ari galih mah nyuruput cikopi haneut susuguh Ceu Rukmi.

"Dugi ka ayeuna euceu mah asa diheulang," pokna.

Bagian Katujuh

Kitu téa mah pantes. Salakina indit jagjag, balikna geus dipetian. Lantaran kacilakaan. Ceu Rukmi teu kungsi ningali jasadna, da teu meunang ku kulawargana. Bisi jadi leuwih matak soak. Sabab, najan ditingali gé moal wawuh lantaran beungeutna ruksak pisan.

"Tangtos wé." Yuda ngahaminan.

"Mung kumaha tah, waktos harita aya kila-kila ka Ceuceu atanapi kumaha?"

"Sakaémut mah henteu. Mung si bapa mémang bangun nu robih, sapertos nu limpeuran," pokna.

"Kumaha katawisna?"

"Kinten-kinten dua minggu deui ka ngantunkeun, siga nu bénten paripolah. Katingalna sok huleng jentul, sareng hilapan. Kungsi apan, angkat nyandak rombongan, ari artosna teu kacandak. Dompétna gular-golér wé dina méja. Malah, dugi ka nambut artos sagala ka Pa Lurah," ceuk Ceu Rukmi.

"Euh kitu?" Yuda api-api teu apal.

"Teras kumaha?"

"Hadéna wé anjeunna sasauran gaduh kapiat ka Pa Lurah. Upami teu kitu mah lapur, bakal jadi bangbaluh akangna di kalanggengan. Mung, teu kantos kabayar ku anjeunna, da kabujeng ngantunkeun téa. Ceuceu kantos ka Pa Lurah badé naur kapiat. Tapi, teu ditampi. Malih, kalah ceuceu dipasihan artos ku Bu Lurah." Ceu Rukmi nyoréang mangsa ka tukang.

"Ari waktos cilaka téa nuju ka mana?" Galih pura-pura teu apal.

"Apan, waktos ngaliput wayang. Angkatna sareng rombongan Adang Sutarya. Tah, si akang ngiring kana treuk, megat di jalan."

"Emmh..."

"Tah, Ayi waktos harita gé akangna teu ngabuntun dompét deui. Dompétna mah aya gular-golér dina kasur. Ukur nyandak radio, kaos sareng tip dina rangselna téh," pokna.

"Kitu nya Ceu?"

"Muhun, kapendak rangselna, tip-na ancur. Mung radio mah teu aya," pokna.

"Radio sapertos kumaha, Ceu?"

"Radio alit. Sapertos kieu geura."

Ceu Rukmi ngaléos ka kamarna. Teu kungsi lila ngurunyung bari nyekel radio.

"Tah, sapertos kieu perecis," pokna.

"Euh...!" Sora Yuda jeung Galih méh bareng.

"Waktos ngiring ka Jepang sareng rombongan Deplu, akang ngabuntun oléh-oléh radio dua, sarupi pisan. Nu hiji mah disimpen di bumi, nu hiji deui mah sok dicacandak, jadi pakakas didamel."

Enya, apan Mang Udin téh réporter nu sakapeung mah sok ngalaporkeun langsung ti lapangan. Mun keur tugas, biasa bari ngadédéngékeun radio RRI, pangpangna mah dina waktu warta berita.

Sanggeus ngobrol jeung Ceu Rukmi, keur Yuda jeung Galih mah beuki panasaran. Duanana sapuk, mun nyalsé rék nepungan pihak-pihak nu sakirana apaleun kana kajadian dalang Adang Sutarya.

Kira-kira dua minggu, Galih jeung Yuda teu tepung. Masing-masing ngalaksakeun pancénna. Yuda saperti biasa udar-ider néangan bahan tuliseun keur koranna. Ari Galih mah, keur riweuh tatan-tatan nyanghareupan sidang skripsina.

Sajeroning di kamar, Yuda ngalamun. Manéhna nginget-nginget caritaan Mang Juhdi, ditumalikeun jeung dongéng Ceu Rukmi. Moal kitu éta radio Uwa téh ti Mang Udin. Kitu gerentes haténa.

Harita kénéh, Yuda nga-SMS sobatna. Sina datang ka imah Uwa Sukma. Harita kénéh meunang jawaban. "Cenah, teu bisa langsung harita, tapi rék bada Asar.

Galih datang pas dina waktuna. Ngan, teu langsung ngobrolkeun sual radio, da Yuda keur ngetik dina léptop uwana.

Kakara peutingna, bada ti tajug, Yuda mukaan catetan ngeunaan radio. Horéng, inti-inti carita téh dicatet dina notes kalayan maké mangsi beureum.

"Radio uwa téh asalna nu Mang Udin," ceuk Yuda.

"Ah, ti mana nyambungna? Apan radio kawas kitu mah tangtu loba di urang gé," ceuk Galih.

"Enya, tapi tanda-tanda éta radio ti Mang Udin, apan natrat."

"Cing kumaha?"

Yuda ngajéntrékeun pamanggihna. Radio uwa téh ti Pa Lurah. Pa Lurah narima ti Mang Juhdi. Mang Juhdi narima ti jalma nu ngakukeun Ogin.

"Kitu lain?"

"Enya."

"Jadi sidik apan!"

"Enya sidik teu nyambungna."

"Teu nyambung kumaha?"

"Aya missing link, aya ranté nu pegat atawa nu teu nyambung."

"Lebah mana?"

"Lebah ti Ogin téa."

"Heup atuh ari ukur lebah dinya mah!"

"Enya apan di dinya teu nyambungna téh. Atawa, sakurang-kurangna aya nu teu nyambung."

"Ogin, ceuk uing mah, ukur dédéngéan Mang Juhdi."

"Enya, ngan naon alesanana?"

"Ceuk pikir, nu nyarita jeung Mang Juhdi téh lain Ogin, tapi Udin."

Galih teu némbal.

Yuda asa meunang. Manéhna neruskeun deui caritaanana.

"Mun lain ukur dédénéan, naon alesanana?"

"Inget, loba kekecapan anyar nu diluyukeun jeung kanyaho nu ngadéngé," Yuda norostos.

"Buktina?"

"Babeula, jaman karuhun urang ka Mekah maké kapal cai, sok ngadongéngkeun dina lalampahanana téh nyorang laut Sélong, padahal ngaran sabenerna mah Cylon. Atuh, coup de taat, jadi kudéta. Aya deui Van Der Cock, jadi Tuan Dekok, Marshalk, jadi Mas Galak. Atuh, upama Udin kadéngéna Ogin, teu anéh teu sing keur Mang Juhdi mah."

"Ah, apan Udin gé remen kadéngé da ngaran umum di urang mah," Galih méré alesan.

"Bener, tapi keur Mang Juhdi mah leuwih akrab kénéh kana nga-ran Ogin. Komo deui da éta ngaran téh kameumeutna," ceuk Yuda.

"Ah, kétang pék téh teuing, rék Udin, rék Ogin, rék Ogon gé. Ngan, di dieu mah moal percaya ka nu kakaritu," Galih ngahahah.

Upama Yuda kacida hayangna nyaho kana kajadian nu karandapan ku uwana sawatara taun ka tukang, uwana mah teu kitu. Najan dikorék gé teu betus. Lalakon lawas, ceuk uwana, bagian tina lalampahan hirup nu teu sawadina nalikung kahirupan kiwari.

Keur leutik, nepi ka kelas tilu SMA, Yuda reueus ku uwana. Ceuk tilikan Yuda, uwa téh masagi. Lian ti kitu, jujur deuih. Tapi, kareueus kitu téh luntur. Ceuk pikirna, uwa ngélmu ajug.

Tina sisi inteléktual, Yuda mémang reueus kénéh ka uwana. Kitu téa mah, pantes, da najan tos sepuh, umurna geus leuwih ti genep puluh taun, masih kénéh getol maca buku. Angger meulian koran, pangpangna mah koran Saptu jeung Minggu. Lain ukur dibaca, tapi deuih dikoméntaran. Uwa kungsi kekerot satutas maca kasus-kasus jaksa ngulinkeun hukum di pangadilan atawa lobana kasus-kasur korupsi nu disangkakeun ka parawakil rahayat di législatif. Ngan, uwa gé muji, basa Kapolda cacarita hayang malikkeun kapercayaan masarakat ka aparat. "Muga karep Kapolda padangarojong," pokna.

Upama Yuda kacida hayangna nyaho céda uwana, lain hartina teu nyaah ka uwana, tapi ngarah teu cangcaya. Ceuk pikirna, uwana moal pati-pati dikaluarkeun ti

koranna upama teu ngalakukeun kasalahan gedé. Sikep Yuda kitu gé, lantaran didikan uwana.

Uwa remen ngadongéngkeun carita-carita baheula. Basa aya pajabat nagara nu dituding korupsi, uwa cacarita sual moral. Biasa dibungkus ku dongéng. "Waktu Sinta tas diculik Rahwana...." pokna.

Saterusna uwa cacarita, Rama percaya, Sinta moal beunang kaolo ku Rahwana. Hartina, Rama percaya kana kasucion garwana. Tapi, keur meresihkeun sangkaan balaréa, Rama téga ngahukum Sinta la-buh geni, sina ngagebruskeun manéh kana seuneu nu ngabebela. Ta-pi, lantaran Sinta bener-bener suci tina gangguan Raja Alengka, Déwi Sinta salamet, teu cécél teu bocél.

Tapi, naon atuh nu ngalantarankeun uwa ka luar atawa dikaluarkeun ti pagawéanana? Yuda teu bisa ngabédakeun parobahan paripolah uwana. Harita mah, kaasup budak kénéh. Ngan, ka dieunakeun mimiti Yuda ngarasa, dina diri uwana loba nu robah. Uwa kaasup nu 'rasional'. Pamanggih jeung kapercayaanana ngan ukur dumasar ka nu kaharti ku akal. Geura wé, basa apa ngadongéngkeun loba nu leungit duit ku tuyul, uwa mah kalah nyakakak. Pokna téh, éta mah ukur jijieunan jalma-jalma nu teu jujur. Ukur panipuan!

Sual jurig, siluman-sileman, dina kamus uwa mah 'dicorét'. Matak, mun indit-inditan wayah kumaha gé ludeungan. "Sieun sotéh ku jalma jahat," pokna. Cenah, ku jurig mah henteu, da can kungsi ngadéngé aya jelema kari sapotong dihakan jurig!

Tapi, ka dieunakeun mah teu kitu. Uwa gé kawas rada-rada percaya kana ayana jurig téh. Geuning, basa Kang Édéng kasurupan, Uwa gé néang Mama Asy'ari keur nambaan nu kasurupan. Ngan, robahna paripolah kitu téh, ceuk nu séjén mah strés lantaran dikaluarkeun ti koranna téa.

Yuda apal, keur ngora mah, uwana resep pisan kana filsapat barat. Témbong tina bacaan-bacaanana waktu ka tukang. Ka dieunakeun teu kitu. Uwa mimiti, malah leuwih ngarérét kana buku-buku filsapat timur.

Kaayeunakeun, karesep uwa nambahana deui. Upama keur jadi wartawan, macaan téh buku-buku non fiksi, ayeuna mah lolobana téh carita rékaan. Carita wayang, saperti Mahabarata, Ramayana, Mitologi Yunani, Wawacan Purnama Alam, Rengganis, jeung buku-buku pantun, saperti Badak Pamalang, Budak Manjor, Nyi Sumur Bandung, jeung sajabana, jadi koléksi bacaan nu ngalengkepan rak buku uwa.

Kareueus Yuda ka Uwana, sakapeung nambahana, sakapeung ngurangan. Satutas ngobrol jeung Pa Karim, sobat Uwa keur papada jadi wartawan, kapercayaan Yuda

ka uwana undak deui. Loba paripolah alus batan goréngna, pangpangna mah nu tumali jeung pagawéan. Kitu ceuk Pa Karim.

Uwa tara bisa didikté ku saha baé, kaasup sumber berita nu boga kakawasaan jeung duit. Kungsi Pa Tanoto ménéjer pausahaan Primatéx teu panuju kana tulisan uwa nu tumali jeung limbah (kokotor) pabrik nu dipiceun langsung ka wa-lungan. Da ceuk Pa Tanoto mah, pihakna geus nyumponan pasaratan amdal. Tapi, uwa gé boga data jeung pakta séjén. Bak panampungan kokotor pabrik mindeng tara digunakeun. Hartina limbah mindeng langsung digolontorkeun ka walungan. Uwa boga buktina, cai walungan sakapeung beureum, sakapeung bulao lantaran cai urut panyelepan téa. "Kawasna Pa Sukma mah, tibatan daék ngaralat, kajeun ka luar ti pagawéan," pokna. Tangtu, ceuk Pa Karim deui, upama uwa bener-bener teu ngarasa aya kasalahan.

Yuda keukeuh panasaran kana sabab-musabab uwana ka luar ti pagawéanana. Hayang nyaho kajadian nu sabernera. Ceuk pikirna, moal pati-pati dikaluarkeun atawa ka luar sorangan upama teu boga kasalahan nu gedé atawa uwa ngarasa teu cocog deui digawé di dinya.

"Naha leres uwa téh dikaluarkeun ti kantorna?" Ceuk Yuda ka Pa Karim.

"Tah, teu apal peresis. Nu apal téh, sanggeusna ka luar wé."

"Teu kantos naroskeun."

"Kungsi. Jawabanana mah bosen," ceuk Pa Karim.

Jawaban pondok. Teu matak sugema keur Yuda. Malah, jawaban kitu téh, jadi nungtun kapanasaran.

Uwa téh pangais bungsu. Apa bungsu. Putra aki limaan, nu cikal ogé pameget, Uwa Haris. Yuswana 72 taun. Nu duaan mah istri.

Wa Haris keur teu damang. Tos lima poé di Rumah Sakit. Teu parna, kasakitna mah, ngan bubuhan geus kolot, perelu parawatan daria, pangpangna tumali jeung tekanan.


Uwa tos nyorangan. Putera-puterana jarauh. Ti saprak Uwa teu damang, lima poé, can dilalongok ku puterana. Nu ti Bali rék sagancangna ka Bandung. Ti Bandara Ngurah Rai téh malem Saptu. Teu bisa langsung ka Bandung, kudu ka Jakarta heula. Isuk-isuk kakaka ka Bandung langsung ka rumah sakit. Putrana nu kadua mah di Batam, jadi pagawé Pemda. Rék ka Bandung téh ménta heula cuti. Ku lantaran kitu, kakara bisa balik ka lembur téh minggu soré. Ngan, da teu

hariwangeun, sabab Uwa Sukma ngajéntrékeun kasakit Wa Haris. Mémang teu matak hariwang, ningali saréatna mah.

Bada Isa, Yuda jeung Wa Sukma ka rumah sakit. Nu tugur, Mang Uhé, bujang Wa Haris sina balik heula, sina istirahat, da sahanteuna, najan disadiakeun pamondokan gé angger moal tibraeun.

Uwa Haris nempatan kamar VIP. Aya kamar keur nu tunggu. Jongjon, maturan gé da aya tempat husus. Keur Yuda mah kasempetan hadé bisa ngobrol lila jeung Uwa téh. Katambah dina suasana kawas kitu, keur di rumah sakit, nungguan nu gering, merenah upama sapeupeuting nyileuk ngadon ngawang-kong.

TV tunjangeun uwa teu dipareuman. Ukur dileutikan. Nu disetél téh TVRI, ngarah teu loba iklanna. Kitu apan kabiasaan Wa Haris mah keur di imah gé, arang nyetél stasion séjén.



Bagian Kadalapan

Ngobrol nepi ka tabuh tilu. Teu loba nu bisa dikoréh ngeunaan sabab-musabab Uwa ka luar ti pagawéan. Najan Yuda nyoba-nyoba malikeun deui ingetan uwana ka mangsa ka tukang.

"Tah harita mah, kajadian nu poé ieu, can tangtu aya berita poé isuk," ceuk Uwa.

Malum, keur mah pakakas komunikasi gé can kawas ayeuna, jajauheun kana aya HP, telepon imah gé jarang kénéh.

Uwa gé ngalaman susahna nepungan sumber berita mangsa harita. Kungsi cenah, nepungan nara sumber nu dumuk di wewengkon perkebunan Sukabumi. Ari dijugjug, nu rék disabaan téh geus pindah ka Cirebon. Disusul ka Cirebon, cenah geus pindah deui ka Garut. "Panggihna mah di Garut," ceuk Uwa.

"Waktos dalang Adang maot kacilakaan gé teu langsung diwartakeun énjingna panginten," ceuk Yuda.

"Teuing éta mah. Poho deui."

"Naha Uwa teu ngawartakeun kitu?"

"Nyeta poho deui. Ih, geuning geus tabuh dua. Uwa rék ngalenyap heula. Kadé ulah saré, bisi Uwa gugah," pokna.Wa Sukma ngagoloyoh kana korsi panjang. Yuda mah cungelik. Ngan, manéhna gé reup wéh peureum. Hudang sotéh digeuingkeun ku Wa Sukma.

"Geura solat Subuh!"

"Tos adan Wa?"

"Geus ti tatadi. Tuh geus satengah genep."

Tabuh tujuh Yuda ka luar ti rumah sakit. Uwana mah nungguan kénéh. Yuda mah ti heula, bubuhan rék ka kantor.

Basa nyalsé, Yuda ngahaja ngadatangan Pa Yana. Rék ngadongéngkeun papanggihanana waktu ngahaja nyungsi Pasir Caringin. Sakalian rék némbongkeun potokopi berita ngeunaan rombongan dalang Adang Sutarya nu kacilakaan.

"Panasaran kumaha?" Ceuk Pa Yana.

"Muhun abdi tos ngaosan kliping seratan Uwa, tapi teu aya nu tiasa dikait-kaitkeun sareng kaluarna Uwa ti padamelanana."

Pa Yana teu nyarita. Manéhna mukaan potokopi kliping. Ukur dibaca judul jeung lead-na wungkul.

Waktu Pa Yana maca judul Rombongan Dalang Tigebrus ka Jungkrang, manéhna ngerutkeun halisna.

"Janten, Uwa lepat ngawartakeun?"

"Bisa jadi kitu. Nu disebut ku Uwa hidep dalang Adang téh sabenerna mah dalang séjén." ceuk Pa Karim.

"Upami kitu mah, Uwa gagabah. Teu taliti."

"Nilik ka dinya mah bakal loba nu nyangka kitu. Tapi, asa piraku, da Uwa di dinya jeung dalang Adang téh lain sakatiga. Lain sakali dua kali ngabandungan manggungna gé. Hartina, piraku kasamaran."

Nu hajat nanggap dalang Adang harita, urang lembur peuntaseun Pasir Caringin. Naha harita aya nu hajat séjénna, nu nanggap wayang? Hanjakal, waktu ka Pa Juhdi teu nanyakeun sual éta.

Yuda beuki panasaran. Sanggeus ti kantorna nitipkeun naskahna dina flashdisk muateun, Yuda ngabelenyeng deui ka Galih. Ti dinya langsung muru lembur Mang Juhdi. Kabeneran nu disabaan keur rinéh, kakara pisan tas maraban domba. Teu nyebutkeun ngahaja datang ka dinya, bébéjana mah ukur nyimpang wé.

Keur ngobrolkeun sual wayang mah teu hésé. Sangkan teu nerag, mimiti nyaritakeun sual wawacan. geus kitu mah, obrolan téh naratay kana kabiasaan tatanggapan di lembur.

"Sering kénéh panginten nu nanggap wayang di dieu mah?"

"Kasebat sering mah henteu. Malah, kawilang langka. Ayeuna mah seueur nu nanggap éléktun wé. Ngirit panginten, teu sapertos nanggap wayang. Tapi, kétang saurang-urangeun mah aya kénéh. Bénten sareng ka pengker."

"Dipi dalang nu sohor ka dieu saha waé?"

"Nu ayeuna mah aya sababaraha urang, Aya Awan Jatnika, Didi Kosasih, Asép Munandar, sareng Dudung Sutarya."

"Upami kapungkur?"

"Tos harilap deui. Mung nu pangnyongcolangna mah Adang Sutarya."

"Euh kitu."

"Saurna kantos diadukeun ka pulisi sagala?"

"Leres, da marukan nu gaduh hajat mah jalir jangji. Padahal, buk-tosna mah teu sumping sotéh lantaran kacilakaan."

"Ké mang émut kénéh panginten, ari nu hajat waktos harita, nu mareng sareng di Pa Romli aya deui?"

"Ah, teu aya, Dén. Waktos harita mah mung di Pa Romli wé."

"Dipi di lembur sanés?"

"Duka nya, mung saémut emang mah teu aya nu mareng nanggap wayang." Ras Yuda Kana pangala-manana waktu diajakan ku uwana téa. Sidik manéhna gé lalajo wayang teu jauh ti jalan cagak.

"Tapi waktos harita téh abdi gé nongton wayang Pa?"

"Di mana?"

"Muhun teu tebih ti jalan cagak nu ka katuhu téa."

"Ké jalan cagak mana?"

"Muhun nu saatosna jambatan téa. Kinten-kinten dua kilo atanapi tilu kilo ti dieu mah."

Pa Juhdi nyéréngéh. Keur Yuda mah asa diseungseurikeun.

"Leres Pa, abdi kantos nonton wayang harita téh?"

"Ah, da teu aya lembur di dinya mah."

"Nu leres Pa?"

"Kapungkur mémang aya. Sapertos nu didongéngkeun ti payun téa. Tapi, saatosna dijorag gorombolan mah, pangeusi lembur téh ngaralih ka tempat sanés," pokna.

Nu lalajo téh noyék. Loba saksi. Sajajalan gé nu rék lalajo téh nga-bring sabubuhan-sabubuhan. Inget kénéh, Yuda gé meuli bandrék ti Mang Ahya.

"Leres Mang. Malah abdi sareng pun uwa gé kantos mésér bandrék ti Mang Ahya."

Mang Juhdi ngahuleng. Manéhna gé kungsi ngadéngé béja, Mang Ahya nu biasa nagog di pertelon sisi lembur boga dongéng ahéng, kungsi meunang duit jadi dangdaunan.

Si tukang bajigur teu apaleun peresis lembur nu nanggap wayang téh. Malum, manéhna mah lain urang dinya pituin. Pindah ka dinya téh pé dah meunangkeun Ceu Awis, randa popotongan mandor entéh.

Waktu datang ka tempat hiburan, nu lalajo coréngcang kénéh. Beuki peuting nu lalajo beuki merul. Manéhna ngahaja dagang téh sisi jalan jauh ka panggung. Dagangna ledis. Mang Ahya gura-giru balik. Waktu ngitung duit tina laci daganganana, manéhna ngajenghok, duit ladang dagangan téh euweuh. Ukur aya duit lima ratus pé raka, ladang bajigur jeung bandrék ditambah kulub suuk jeung seupan cau.

"Ukur lima ratus rupia, Mang?"

"Leres."

Yuda ingeteun kénéh, bék jajan duaan téh ukur lima ratus pé rakaun. Kuduna mah dipulangan sapuluh pé raka, tapi ceuk Uwa Sukma téh, tos wé tong dipulangan.

"Sering Cép nu ngadongéng kawas kitu mah. Mung, da sesah dibuktoskeunana. Ku Emang mah dianggap bungbu catur nu ngarahul, ngarah ramé," ceuk Mang Juhdi.

"Dipi Mang Ahya biasa kénéh dagang di pertelon?" Yuda api-api teu apal.

"Tara ayeuna mah. Tos teu dagang deui. Diteruskeun ku Jang Unab."

"Euh éta."

"Terang kitu Adén."

"Terang da kantos sindang ka dinya mah."

Méakeun panasaran, Yuda jeung Galih rék nepungan Mang Ahya. Keur piobroleun mah teu hésé, lantaran kungsi tepung dina wayang téa.

Bubuhan ripuh ku gawé, Mang Ahya téh geus réyod naker. Leumpangna dibantuan iteuk. Geus kurang déngé deuih.

"Émut kénéh ka Abdi Mang?"

"Saha ieu téh."

"Abdi langganan emang?" ceuk Yuda ngaheureuyan.

Mang Ahya seuri. Témbong semu bungah. Ieu tukang bajigur téh resepeun naker, upama diajak ngobrolkeun pangalamanana nu tumali jeung dagang bajigur.

"Ngawitan deudeuieun ku bajigur emang téh saatosna jajan dina wayang téa?"

"Wayang di mana, Dén?"

"Kapungkur di lembur nu teu tebih ti Pasir Caringin téa."

"Ah, sok ngaheureuyan ka kolot téh," ceuk Mang Ahya.

Marukan manéhna mah Yuda téh ukur ngageuhgeuykeun manéhna. Kitu apan, kalolobaanana nu ngadéngé caritaan Mang Ahya da-gang di éta lembur téh. Loba nu nyebutkeun bohong atawa jijieunan.

"Leres, Mang."

Taksiran, Mang Ahya téh ingeteun deui ka nu lalajo kana motor. Ngan motor-motorna nu harita aya di panglalajoan téh. Taya sapédah-sapédah acan. Sakur nu datang ka dinya kabéh laleumpang.

"Encép téh nu kana motor beureum téa?"

"Leres."

"Enyaan Dén?" Mang Ahya sakapeung nyebut encép sakapeung adén. Kaciri, kagét jeung semu bungah.

"Ukur embina nu percayaeun téh. Nu sanés mah nganggapna téh wadul," ceuk Mang Ahya.

Isukna, Mang Ahya indit deui ka éta tempat. Ngahaja harita téh mawa babaturanana, Kang Sobar. Urut tangungan bajigur kaciri kénéh, lebah dinya mayak cangkang suuk.

Mang Ahya luak-lieuk ka sakuriling éta tempat. Tétéla, taya lembur. Ukur tegalan, bari sisi-sisina mah kebon entéh!

Ti harita, Mang Ahya teu dagang deui. Kadieunakeun, kabisana diturunkeun ka Mang Unab. Anakna mah leuwih sohor batan Mang Ahya, lantaran boga cabang di tempat séjén.

Yuda ingeteun deui ka Mang Salim, tukang rebab nu kungsi diwawancara sawatara taun ka tukang. Pangna apal ka Mang Salim, ti muridna Salim Muda, waktu manggung di pendopo kabupaten. Harita babaturanna nyaritakeun Salim Muda nu pangabisana blég wéh Mang Salim. Yuda mimitina mah teu kataji, da ditilik tina kamampuhna mah jajar pasar jeung tukang rebab séjénna. Ngan, waktu babatura-nana téa nyaritakeun Mang Salim jadi teu bisa nyeniman lantaran kacilakan, manéhna panasaran. Karunya, geus kitu mah taya nu miroséa.

Yuda nulis ngeunaan lalakon Mang Salim. Dimuat dina majalah mingguan. Ngan, harita mah teu dihubung-hubungkeun jeung wayang golék nu dilalajoan ku manéhna.

Yuda beuki panasaran, naon hubunganana, wayang nu dilalajoan ku manéhna jeung Mang Salim. Ku lantaran panasaran, Yuda ngabiur ka lembur Mang Salim. Ieu tukang rebab téh apaleun kénéh ka Yuda.

"Saatosna dimuat ku Adén, Pa Camat gé sumping ka rorompok, masihan artos sagala," ceuk Mang Salim.

"Nya nuhun wé, Mang. Ngiring bingah," ceuk Yuda.

Najan geus lila teu nyeniman, jiwa senina mah kandel kénéh. Geura wé, basa ngobrolkeun sual wayang manéhna sumanget naker.

Manéhna nyaritakeun mimili ka dalang Adang téh ti ngongora, ti mimiti jadi catrik (purah nyanggap wayang nu dimaénkeun ku Anung Sutarya, guruna Adang Sutarya). Tadina mah, Mang Salim gé hayang jadi dalang. Ngan, lila-lila mah kataji ku rebab. Ahirna, diajar ngarebab. Sanggeus bisa terus milu ka Adang Sutarya. Harita mah, Adang gé ukur kakara jadi dalang beurangna. Beuki lila ki dalang beuki sohor, ahirna mah manggungna gé méh unggal peuting.

"Sakaterang emang, naha sok aya nu ngawayang teu direbab?"

"Ah, teu aya, Cép."

"Naon margina?"

"Atuda tukang rebab mah sanés waé purah nungtun haleuang dalang, tapi sindén deuih."

"Mung Abdi kantos lalajo wayang, tapi teu direbabban," ceuk Yuda.

"Tah, duka nya upami kitu mah. Da, sakaterang emang mah, sadaya nu ngawayang gé sok direbabban," ceuk Mang Salim.

"Dipi emang émut kénéh, waktos kacilakan téh badé manggung di mana?"

"Di Pasir Ibun. Kantos ameng ka Pasir Ibun?" Pa Salim nanya.

"Teu acan. Mung upami ka Pasir Caringin mah kantos."

"Tah ti dinya mah, kantun ka kidul, meuntas pasir. Kinten-kinten sakilo tina pudunan nu pangnetekna, aya lembur. Tah, di dinya pimangungeun téh. Emang mah apal pisan ka éta lembur téh, da manggung di dinya téh tos ngatilukalian, sakali sareng Pa Anung Sutarya, dua kali sareng Adang Sutarya. Mung nu kaopat mah bolay, da kacilakaan téa." Pokna nyoréang mangsa ka tukang.

"Dipi kacilakaanana palih mana?"

"Di lebah wewengkon Pasir Caringin, dina pudunan upama arah ti dieu mah."

Ingetan Mang Salim seger deui. Pangalaman nu kungsi sirna jul-jol narémbongan deui. Pamungkas milu kana rombongan téh, harita basa rék manggung di Pa Romli, di Pasir Ibun.

Harita mah, jarang kénéh kandaraan. Rombongan téh sok kana treuk. Indit bareng kaasup dalang. Mang Salim diukna di tukang, mépédi sisi. Ki Dalang mah di hareup, jeung supir kaopat sindén, duaan. Waktu mobil mudun, ban hareup nu kénéca ngabeledag, bitu. Mangkaning keur mudun. Mobil ngagaléong ka kénéca, brus ka jungkrang. Waktu mobil gugulutukan dina gawir jungkrang, Mang Salim kapangpéngkeun ka gigir, ngagebut kana batu nyangigir. Siku kénéca ancur. Rombongan nu salapan welas urang téh, nu salamet mah ngan saurang, Mang Salim, tukang rebab.

Sajeroning Yuda nyusud nu tumali jeung Uwana, Yaomil Anwar, gé ngutak-ngatik data ti Yuda. Sakur nu dikirimkeun ku Yuda dititénan gemet naker. Tapi, Yaomil gé can bisa nyindekkeun kumaha jujutan nu sabernera.

"Kumaha cekap datana Kang?"

"Ah, sok wé aya kénéh mah."

"Kumaha kasimpulan Akang?"

"Nu mana téa?"

"Muhun perkawis Uwa ka luar ti koran Surya Medal?"

"Kawasna mah tumali jeung tulisanana."

"Seratan nu mana?"

"Ngeunaan dalang Adang."

Ké asa teu kahartos, kumaha wincikanana. Yaomil ngahuleng. Jajangkungna mukaan catetan nu ditunda katuhueunana.

"Wa Sukma nulis ngeunaan pangbagéa masarakat ka dalang sohor. Beritana ditulis tanggal 6 Agustus. Dina poé éta kénéh, aya tulisan ngeunaan Dalang Adang didakwakeun ka pulisi lantaran ngawiwirang nu hajat. Ki dalang teu datang ka nu hajat. Tapi, wartawan tacan meunang jawaban ti Dalang Adang. Isukna, aya berita dalang Adang maot lantaran treukna terjun ka jungkrang jerona tina beungeut jalan téh dua ratus méter. Dasarna batu taringgul!"

"Jadi kasimpulanana?"

"Uwa nulis warta fiksi, lain sabenerna...!"

"Ah, moal mungkin!" Yuda namalang.

"Ké heula apan can tamat nyaritana gé."

"Nulis fiksi, atawa salah nulis?"

"Maksudna?"

"Nu ditulis ku Uwa, lain dalang Adang, tapi nu séjén."

"Éta gé teu mungkin," Yuda keukeuh teu mikeun upama uwana kitu peta.

"Atawa, Uwa kasamaran tingal. Nu ditulis ukur titingalianana atawa dédéngéanana...," gerentesna.

Yuda ngahuleng. Gilig, rék nanyakeun langsung ka uwana. Sakali ieu, Uwa kudu balaka. Ngan, mun teu betus, Yuda rék némbongkeun pakta-paktana.

(dumasar kana catetan waktu ngaliwat ka Gunung Gelap).

TAMAT



<http://www.facebook.com/sundablog>
<http://sunda-blog.blogspot.com>